ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№222 (21.630) ● 2009 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 25, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым къэушъхьэуэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкІум и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр кІэщІгэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуаз ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кІары егъуэт кІыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налмык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м
№140-П-П

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкІум и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым кІэщІыгъуэ и 1-м

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкІум и Іуэхуки» 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м кІащта Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №81-РЗ-м и 7 статьям и Іыхьэ 1-мрэ 2-мрэ, Іыхьэ 3-м и пунктхэу 1-мрэ 2-мрэ хэт «, лэжьыгъэм зыхуэфащэ и унэтІыныгъэхэм» псалъэхэр хэгъэкІын.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м
№48-РЗ

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм сэкъат зиІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыщрагъаджэм зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлытэнымрэ и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым хэгъэзыуэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм сэкъат зиІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыщрагъаджэм зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлытэнымрэ и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэщІгэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуаз ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кІары егъуэт кІыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налмык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м
№145-П-П

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм сэкъат зиІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыщрагъаджэм зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлытэнымрэ и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым хэгъэзыуэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым кІэщІыгъуэ и 1-м

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм сэкъат зиІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыщрагъаджэм зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуки» 2009 гъэм щІышлІэм и 20-м кІащта Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №11-РЗ-м къару имыІэжу къэлытэн.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент К`ЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м
№50-РЗ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Я гъащІэр нэхъ тынш хъун папщІэ

ЗэІущІэр Дыщэкі Мадинэ ирегъэкІыжкі.

Зи узынщагъэ кІымытІасэхэм я Іуэхуки Къэбэрдей-Балкъэрым и Президентым деж щыІэ Советым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Правительствэм и Унафэщым и кІуэдзэ Дыщэкі Мадинэ. ЗэІущІэм щыхэпльащ протез-ортопед пкъыгъуэхэм хуэныкъуэхэр абыхэмкІэ кІыдзагъэпэща зэрырихьум, ахэр санаторхэм, курортхэм зэрыкІуэфын путевкхэр зэрыратым, льготэм тещІыкІыуэ зэраІэрыхьэм, зи узынщагъэ кІымытІасэхэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ кІыдзагъэпэща зэрыхьум, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм.

АБЫХЭМ теухуауэ къэпсэльа социальнэ страхованэмкІэ фондым и унафэщІ **Бечелов Ильяс** зэрыжиІамкІэ, протез-ортопед пкъыгъуэхэм, техникэ реабилитацэм, путевкхэм хэзыныкъуэ къельэІуэхэм я процент 93,2-м зыхуеяр хуащІащ. Апхуэдизэ я Іуэхумкіэ зыхуэзфІэкІа щыналъэ Ипщэ Федеральнэ округым щыІэкым. ЯхуэмыгъэзащІэу къэна льэІу 570-ми мы зэманым йолэжьыгъ.

Псори зэхэту протез-ортопед пкъыгъуэхэм, техникэ реабилитацэм, санаторэ путевкхэм щІельэІуащ щыкІуэ 18199-рэ. Гъэ кьэс а Іуэхум ясэлым тригъэкІуэдэ мылькум хэхьуэ зэпытщ. Мы гъэм абы хухахар ,сом мелуан 80-м щІегъу. Абы хеубыдэ зыри зэхэзымыс сабий 11-м и плантантэхэр хуегъэщІыным текІуэда сом мелуан 13-рэ мин 500-ри. Иджы а цІыкІуэм зэхах, «Лагъупкъуэ» сабий санаторэм я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэж.

Зи узынщагъэ кІымытІасэхэу льготэ зиІэхэр путевкэкІэ кІыдзэгъэпэщыным и Іуэхур апхуэдэу фІыкъым. Абы щІэлъэІуэм я процент 46-рац путевкэхэр зыІэрыхьэр, Іуэхум текІуэдэу мылькум мы гъэм сом мелуан 23-м щІигъу хухагъэхьуа пэтми. Иджыри яхурикъуркъым сом мелуан 39-рэ мин 840-рэ. Ар къэрал псом и гуГуеухьщ. Республикэм иІэкъым уз куэдым щеІэзэ санаторэхэр. Абы кьыхэкІыу, зи узынщагъэ кІымытІасэхэр Анапэ, Псыхуабэ кьалэхэм ягъэкІуэн хуей мэхъу. Льготэ зиІэхэм кьалъысыр бжьыхьэ-гъатхэ пІалъэм кьытІасэ путевкэхэращ. Аэхр икъукІэ лъапІэщ икІи зэпэубыдащ, Урысейм и щІналъэ псоми зэращэхум кьыхэкІыу. Уеблэмэ, абы нэс кІуэну дэтхэнэми хуэзфІэкІыркъым. Абы кьыхэкІыуи, зэІущІэм унафэ кьыщащтащ республикэм и санаторэхэм апхуэдэ уз гъэхьужьыгъуейхэм (тхыщІэм пыщІахэм) щеІэзэ кьудамэхэр кьыщызэрагъэпэщыну.

Зи узынщагъэм кІымытІасэхэр льготэ уасэм тещІыхьа хущІэхуэкІэ кьыдзэгъэпэщыным тёухуауэ зэІущІэм кьыщІэпсалъэщ узынщагъэр хьуэмэнымкІэ министр **Бицу Вадим**. Абы кьыдзэригъэльэгъуэмкІэ, апхуэдэ льготэ зиІэхэр цІыху 22645-рэ мэхъу. Ахэр хущхьэжкІэ кьыдзэгъэпэщыным токІуадэ сом мелуан 220-м щІигъу. Мы гъэм жэпэгъуэм и 20-м ирихьэлІэу рецептэ 1288-рэ ятхати, абыхэмкІэ псоми хущхьэу ираташ.

Бицу Вадим зэрыжиІамкІэ, зи узынщагъэ кІымытІасэхэри, абыхэм я узынщагъэхэри зыгъэтынышну ІуэхугъуэщІэ дяпэкІэ ди республикэм кьыщыдзэрагъэпэщынущ. Сабийм и узынщагъэр мытэмэмкІэ, махуэ кьэс зы цІыху бгъэдэсын хуей мэхъури, лэжьэну Іэмал зымыгъуэт зы цІыху унагъуэм кьыщІонэ. А Іуэхур унагъуэм дагъэпсынщІэн мурадкІэ, республикэм кьыщызэІуахынщ апхуэдэ сабийр пщэдджыжьым цІыщІэдзауэ пщыхьэщхьэ зэхуэх дохутырхэм я нэІэ кьыптету здэщыІэн. Уеблэмэ а Іуэхущ Іапіэм зи узынщагъэ кІымытІасэр лэжьыгъуэ махуитхуми щагъыІэу, зыгъэзэхугъуэхэм унэм яІэзэ хьунущ.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ ЦІыхухэм лэжьыгъэ ІэнатІэ къахуэзгъэпэщыныжмкІэ Къэбэрдей-Балкъэрым и щІыналъэ управлензм и унафэщІ **Кьуэдзокьуэ Мухьэмэд**.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи узынщагъэм кІымытІасэхэм ящІущу лэжьэну хуейхэм я бжыгъэм хэхъуащ. Ар и щыхьэтщ абыхэм я псэукІэр зэрымыщагъэрэм. ИкІи кьыхэгъэщІапхъэщ апхуэдизкІэ удэлэпІэкьуну зэрыгугъур, - жиІащ Тюбеев Альберт.

ЗэІущІэм щыхэпльащ зи узынщагъэм кІымытІасэхэм я псэукІэр нэхъ тынш щІыным хуэунэтІа Іуэхугъуэ куэдым икІи дэтхэнэми хуэфащэм унафэ пыухыкІаэхэр тращІыхьащ.

КЪАРЭМЫКЪУЭ Залым.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Процент 30-р Къэбэрдей-Балкъэрым щагъэхьэзыр

● АПК

КЪБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкІэ и министр Ерчэн Темболэт иригъэкІуэкІащ республикэм нартыху жылапхъэхэр зэрыщагъэхьэзырым щытепсэльыхьа зэІущІэ.

АБЫ кьыдзэрыхигъащамкІэ, иужьрей зэманым а Іуэхум гупылитэ хъарзынэ хуащІ. 2007 гъэм тонн мин 11, нэгъабэ тонн мин 12,7-р кьагъэкІащ, мы илъэсым фІагъ ІыдагъэиІэ жылапхъэу тонн мин 20-м щІигъу ягъэхьэзырыну я мурадщ. Кьэрал дэІепыкъуныгъэмэ хохьэ. Кьапщтэмэ, 2008 гъэм сом мелуани 2-м нэс хухахауэ щытамэ, дызэрыт мазэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкІыу сом мелуани 5,5-м нэблагъэ ди гъавэзэкІхэм яІэрыхьащ.

- Жылапхъэхэм я фІагъым зэпымыуэ дегугъун хуейщ. Къэбэрдей-Балкъэрым Іэмал псори иІэщ Урысейм и щІыналъэхэр нартыху жылапхъэхэмкІэ нэхъыщхьэу кьыззыгъэпэщ щІыпІэ хъуну, абы кьыдзэкІуэу нэгъуэщІ къэралхэми яхуедгъэшэфынущ, - кьигъэльэгъуащ Ерчэн Темболэт.

- Урысейм и мэкъумэщ центр- ФГУ-м и республикэ кьудамэм и унафэщІ Блий Станислав зэрыжиІамкІэ, нобэ ди деж щагъэхьэзыр зэрыщыту кьэралым нартыху жылапхъэу кьыщащъэкІым и процент 30-м нэблагъэр. Къэбэрдей-Балкъэрым мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-кьэхутакІуэ институтым и Іэтащхэ Мэремыкьуэ Арсен, мэкъумэщ предприятэхэм я нэхъыкьэу Хьэрэдуурэ Заур. Дунэнищ Мухьэмэд, Блийм сымэ кьыкагъэщащ рынокым нэхъ псынщІэу хьыхьэн, иджырей технологие пэрытхэр Іэнатіэм хэпща хъун папщІэ жылапхъэгъэкІхэм я республикэ ассоциацэ кьыдзэгъэпэщын зэрыхуейр.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.



Ветеранхэр ящыгъупщэркъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *ЩІынальэм и ветеран 20-м ахъщэ субсидиехэр иджыблагъэ ираташ, я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэфын папщІэ. А Іуэхугъуэхэм щхьэкІэ федеральнэ бюджетым сом мелуани 10 кьыхэкІащ.*

2009 ГЪЭМ ветеранхэр псэупІэхэмкІэ кьызэрагъэпэщын папщІэ псори зэхэту бюджетым сом мелуан 30,3-рэ кьыщигъэхьэуащ. Нобэкіэ Хэку зауэшхуэм и ветеранипІэм псэупІэхэр кьыхуащэхуащ.

Спорт ухуэныгъэхэр

АДЫГЕЙ. *2009 гъэм Адыгейм и «Дружба» республикэ стадионыр кьэгъэщІэрэщІэжыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм папщІэ сом мелуан 75-рэ щІигъэ правительствэм иутІыпщащ.*

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм кьызэритамкІэ, ахъщэр трагъэкІуэдащ стадионым и трибунэхэр кьыщэгъэпэщыным, джэгуп Іэ губгъуэр иджырей зэманым кьитІасэу гъэхьэзырыным, атлетикэ псынщІэмкІэ зызыгъасэхэм къэжьыхьыпІэхэр, секторхэр яхуэуухуэным, нэгъуэщІхэми.

2010 - 2012 гъэхэм республикэ стадионым иджыри сом мелуани 180-рэ трагъэкІуэдэнущ. Абы и процент 80-р федеральнэ, 20-р республикэ бюджетхэм кьыхэкІынущ.

ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Хъыбар гуапэ

«Тэрчалмазым» и саугъэт лъапІэр

Москва щекІуэкІащ УФ-м и Правительствэм фІагъымкІэ и саугъэтыр зыхуагъэфащэхэм етыжыным ехьэлІа зэхэхьэ. А саугъэт лъапІэр зыльыгъэсахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балкъэрым и промышленностым и Іуэхущ Іапіэ пэрытхэм ящыщ «Тэрчалмаз» ОАО-р.

АР АБЫ кьыхуагъэфащащ и Іэдакъэщ іэкІэр егъэфІэкІуэным, иджыреи Іэмэпсымэхэр кьэгъэсэбэным и лъэныкъэкІэ ехьулІэныгъэфІэхэр зэриІэм ламыІ.

1961 гъэм кьыззІуаха Іуэхущ Іапіэр йолэжь щыІуэпс, синтетикэ алмазхэр кьыгъэсэбэнуэр Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэ дыдэхэр щыным. Абы иІэщ мы Іэнатіэм егъэщІылагъуэ дунейм щызекІуэ технологие псори. Езым кьыщІигъэкІ Іэмэпсымэ лІэужьыгъуэ зыбжанэкІэ, псалъэм и хьэтыркІэ, зэраубру Іэмэпсымэмкіэ, заводыр япоуэф дунейм щыщІэныкІуэ фирмэхэм.

ТЕУВЭЖЫКЪУЭ Беллэ.

Аргуэру парламентыр зэбгрокІ

Иорданым и пащтыхь Абдалла II къэралым и парламентыр зэбгрыкъэкІащ ар зэрыхахрэ ильэситі фІэкІа мыхьауэ.

Иордан пащтыхьым апхуэдэр и щыпэщІэкъым: и пІальэр кьэмысауэ, абы парламентыр зэбгрихуат 2001, 2007 гъэхэми. 2001 - 2003 гъэхэм кьэралым парламент иІэхэкъым.

Иджырей парламентым лэжьэн щигъэтащ дыгъуасэ. А Іуэхур кьызыхэкІ щхьэусыгъуэр пащтыхьым и унафэм кьыщигъэльагъуэкъым, ауэ, зэрыхуагъэфащэмкІэ, депутатхэр тэмэму елэжьакъым законыщІэхэр убыхуауэ кьыщІэтэным.

Иорданым и парламентыр палатитІу зэхэтщ: палатэ нэхъыщхьэм пащтыхьым кьыхиха цІыху 55-рэ хохьэ. ЕтІуанэ палатэм ІэІэт щхьэкІэ хах цІыхуи 110-рэ. Иужьрей хэхьныгъэхэм хэтащ цІыху 885-рэ. Абы щыщу 199-р цІыхубзт.

Комиссарым и псальэ

- Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэм щІэпсъалъэкІым, ЩІэпсКІэ зэщІауэзда гупсэр кІуэ зэтриІэм хьиІм йокІ, - щыжеІэ Европэм и Советым щыхуэм и хуитыныгъэхэр хьэмэнымкІэ и комиссар Хаммарберг Томас ПщІэныр-р Ингушыкъэм фокІадэм щыІа нэхъ ищІа докладым.

А щІыналъэхэм я Іуэхур зыІутым здытепсэльыхьым, Хаммарберг кьыхигъэщащ «щІыхур зэрыкІуэдым, зэрауакІым епха щІэпхъаджагъэхэр тэмэму яхуэзэмыгъэкІыу» зэрыщытыр. Абы кьелъыгъэ «щІыхуэр терроры, ЩІэпкІэ зэщІауэзда гупхэм щыхъэмэным и мызакъуэу, властым иуэзэщІапхъэу дэтхэнэми и хуитыныгъэхэр, псом хуэмыдэу террорым пэщІэтыным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІым и деж».

- Терроризм хуэребэныр и щхьэусыгъуэу, щІыхум хьэзаб теплъхьэ хъунукъым, ар яубыдамэ, щІыпІэ тэмэмым щалыгъын хуейщ. ЩІыхум и хуитыныгъэхэр зыхьумэ мардэхэр сыт хуэдэ щытыкІэми щыгъэзэщІапхъэщ, - жеІэ Хаммарберг Томас. Абы кьыхегъэщ щІыхум и хуитыныгъэхэм хуэлажьэхэм щыщу яуклаХэм я Іуэху псори зэхэгъэкІауэ, щІэпхъаджагъэхэр жэуапым ешэлІэн зэрыхуейр.

ЩІыхуэм щІигъэна Іуэхущ Іапіэ

Банкрот щыхуПІэм кьыщхьэщыхута «АвтоВАЗ» акционер обществэм нэхъапэм жиІат и лэжьакІуэмэ 15 хуэдиз Ингушкъэм хуей зэрыхьэнур. Ар кьэмыхъуэ папщІэ, Урысей Правительствэм мы заводым хуиутІыщыну и мурадщ сом мелард 54,8-рэ.

Ауэ «АвтоВАЗ» ОАО-м щыхуэу теІэ сом мелард 75-м кьэхьлІауэ унафэ пыухыкІа зэкІэ правительствэм кьищтащ кьым.

Апхуэдизкъым, заводым и лэжьакІуэ мин 25-м зэкІэ лэжьапІэр нэгъуэщІ Іэнатіэхэм ящыщІалъхьауэ: Тольятти и кьалэ администрацэм кьызэритымкІэ, хэти уэрамэхэр ипхъэнкІыну, хэти псычъэхэр игъэкъэбзэну, мазэм сом мини 4,5-рэ я улахуэу, а щІыху мин 25-м пІалъэкІэ администрацэм лэжьыгъэ кьахуигъэтащ.

Правительствэр гупсысэху, заводым и акцэхэм хощІ: «Рено» компаниемрэ Іэрыхьащ абы я процент 25-р, «КАМАЗ»-м и унафэщІри иджы хэтщ «АвтоВАЗ» ОАО-м и Директорхэм я советым.



♦ Суринам Республикэм и Іэпэкъ гуфІэгъуэщ 1975 гъэм къэрал щхьэхуит хьуащ.

♦ ЩІэкІуэгъуэм и 25 - 27-хэм Ашхабад (Тыркумэн) щекІуэкІыну СНГ-м хэт къэралхэм я мэкъумэшыщІэхэм я І-нэ зэхьыхь.

♦ ЩІэкІуэгъуэм и 25 - 30-хэм Тиранэ (Албание) щекІуэкІыну Дунейпсо сату жармыкІэ.

♦ ИлІъэ 670-рэ и пэкІэ (1339) Москва Кремлым и блынэр ухуэн щыщІадзащ.

♦ ИлІъэ 246-рэ ирокъу Мэзэдгу кьалэр зэраухуэрэ (1763).

♦ ИлІъэи 101-кІэ екІуэкІа Урыс-Кавказ зэуаращ щІидзащ.

♦ЩІыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 12-м, кьухьэжьыуи сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 34-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъэр сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 22-рэ.

Плэнэтэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифи.**

Плэнэтэр гуащІэм

Зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыІэкъым.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэздзкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм и ятэ итІэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетэкэм, журналхэм Іэ тедзэнэр зэрекІуэжІыр.

ИтІэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щІелэдзэ хнунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапіэ псоми.

Ди индексэр 51531

● Прохладнэ куей

Къалэдэсхэр щогуфІыкІ

Къэбэрдей-Балкъэрым и Президентым Прохладнэ куейр кьыщыззэхикІыжьхьэ кьыхигъэщІауэ щытащ ди республикэм и промышленнэ кьалэ нэхъ ину къалъытэ Прохладнэм дэсхэм я псэукІэмрэ районым и экономикэмрэ гулъытэ хэха хуэщІын зэрыхуейр.

КЪЫХЭГЪЭЩІЫПХЪЭЩ унафэщІхэм я зэфІэхі псори зэзэрахьэлІэр кьалэм и тепльэр зэгъэдэхэным, щІыхуэм я псэукІэр иригъэфІэкІыуэным.

Кьапщтэмэ, мы куейм щаухуэ хьэрычэтыщІэхэм я центр ехьэжьа икІи я мурадщ 2009 гъэр имыкІыу ар кьызэІуахыну. Абы Іэмал кьаритынущ Прохладнэ куейм щыпсэу куэдыр ику ит, бизнес цІыкІум гугъуехьышхуэ хэмыту хэщэныжмкІэ.

Мы районым апхуэдизу щауэ сабий 640-м тещІыхьа кУрыт ёджапІэ. Ар 2010 гъэм, щІышлІэ мазэм фІэмыкІыж, хьэзыр ящІынущ мэгугъэхэр.

Кьалэдэсхэр щогуфІыкІ, зэблэкІыу ёджэ зэрыщымыІэжыну. УэфІу екІуэкІа бжьыхьэ махуэхэр кьагъэсэбэпнурэ спорт утыкуэр, кьэжьхьыпІэхэр, щхьэуанІагъэхэмрэ щІэныгъэ зыхасэну щыпІэхэр яубзыхуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэздзкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм и ятэ итІэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетэкэм, журналхэм Іэ тедзэнэр зэрекІуэжІыр.

ИтІэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щІелэдзэ хнунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапіэ псоми.

Ди индексэр 51531

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкІум и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкІум и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр кІэщІгэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуаз ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кІары егъуэт кІыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налмык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м
№145-П-П

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм сэкъат зиІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыщрагъаджэм зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлытэнымрэ и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэщІгэн.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым кІэщІыгъуэ и 1-м

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм сэкъат зиІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыщрагъаджэм зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуки» 2009 гъэм щІышлІэм и 20-м кІащта Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №11-РЗ-м къару имыІэжу къэлытэн.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент К`ЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м
№50-РЗ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Комплекс спорт школ хэха» къэрал IуэхущIапIэ къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м *№296-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал IуэхущIапIэхэм я къызэгъэпэщыкIэр гъэтэмэмын икIи мылъкур нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Республикэм и комплекс спорт школ», «КъуэкIыпIэ бэнэкIэхэмкIэ республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал IуэхущIапIэхэр зэгуагъэхьэжу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Комплекс спорт школ хэха» къэрал IуэхущIапIэ къызэгъэпэщын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и унафэм щIэту.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Комплекс спорт школ хэха» къэрал IуэхущIапIэм нэхъыбэ дыдэу цIыху 94-рэ щылажьэу икIи абыхэм я мазэ лэжьапщIэ фондыр сом мин 795,2-рэ хъууэ гъэувын.
3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм (АфIэунэ А. М.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Комплекс спорт школ хэха» къэрал IуэхущIапIэм и уставыр щыIэ хабзэхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэм щIыгъуу къищтэну.
4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа къэрал IуэхущIапIэхэм яIыгъа мылъкур щыIэ хабзэхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Комплекс спорт школ хэха» къэрал IуэхущIапIэм и оперативнэ унафэм щIэту зэрихьэн папщIэ иригъэбыдылIэну.
5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын 2010 гъэм, къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щызэхигъэувэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Комплекс спорт школ хэха» къэрал IуэхущIапIэр зехьэным текIуэдэнур къилъытэну.
6. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж М.ТI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МЕРКУЛОВ Александр

ПсэупIэу щымыт унэу «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» къэрал IуэхущIапIэм и балансым щытхэм ящыщу хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ я субъектхэм бэджэнду яIыгъхэм щIат бэджэнд уасэр пIалъэкIэ гъэмэщIэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м *№299 – ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №РП-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. ПсэупIэу щымыт унэу «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» къэрал IуэхущIапIэм и балансым щытхэм ящыщу хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ я субъектхэм бэджэнду яIыгъхэм щIат бэджэнд уасэр 2010 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ гъэувын:

а) офису къагъэсэбэп пэш кIуэцIхэм папщIэ:

бэджэнду щаIыгъ япэ илъэсым – псэупIэу щымыт унэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэхэр пIалъэкIэ зэраIыгъым икIи къызэрагъэсэбэпым пэкIуэ бэджэнд уасэр къызэрабж методикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм фокIадэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №254-ПП-мкIэ къищтам, щыгъэува бэджэнд уасэм и процент 25-рэ (адэкIэ – бэджэнд уасэщ) хъууэ;

етIуанэ илъэсым - бэджэнд уасэм и процент 40 хъууэ;

ещанэ илъэсым - бэджэнд уасэм и процент 65-рэ хъууэ;

б) производствэм пыщIауэ къагъэсэбэп пэш кIуэцIхэм папщIэ;

бэджэнду щаIыгъ япэ илъэсым - бэджэнд уасэм и процент 20 хъууэ;

етIуанэ илъэсым - бэджэнд уасэм и процент 40 хъууэ;

ещанэ илъэсым - бэджэнд уасэм и процент 60 хъууэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм (Мусуков А. ТI.) щIыгъуу псэупIэу щымыт пэш кIуэцIу «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» къэрал IуэхущIапIэм и балансым итхэр бэджэнду зэратамкIэ ятха зэгурыIуэныгъэхэм щыIэ хабзэхэм тету зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну.
3. «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» къэрал IуэхущIапIэ къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм гъатхэпэм и 4-м къыдигъэкIа унафэ №46-ПП-м и пункт 6-м и къарур пIалъэкIэ къызэтегъэувыIэн 2010 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ.
4. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков А. ТI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МЕРКУЛОВ Александр



Вишневскэ Всеволод и «Оптимистическая трагедия» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Iэтащхьэм и ролыр гъуэзэджэу игъэзэщIащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Сонэ Мухьэрбий. *1959 гъэ.*

● Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и щIыналъэ IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къет

2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

	2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм	2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм процент	2007 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм, процент
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	100,0	101,6
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, сом мелуан	16870,1	103,0	104,0
Автомобиль транспорткIэ хьэлъэу ягъэIэпхъуар, тонн-километр мелуан	102,0	94,1	130,3
Розницэ сатур, сом мелуан	37852,9	101,8	117,0
ЦIыхухэм пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэу хуащIар, сом мелуан	8918,3	101,4	100,1
«Ухуэныгъэ» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэкIэ зэфIагъэкIар, сом мелуан	4461,3	91,6	122,6
ПсэупIэ унэу хьэзыр ящIар, метр зэбгъузэнатIэ мин	164,0	101,0	97,9
ЩэхуакIуэ уасэхэр зэрыхъуар, процент	109,1	114,8	115,7
Промышленностым и хьэпшыпхэр къыщIэзыгъэкIхэм ягъэува уасэхэр, процент	113,9	97,1	113,4
ИпэжыпIэкIэ къыщIэкIым тещIыхьауэ ахъшэ хэхъуэр			
Ику иту зы лэжьакIуэм хуатха мазэ лэжьапщIэр (хьэрычэт Iуэху мыин зезыхьэ IэнатIэхэри хэту):	-	93,9	119,0
номинальнэу	10577,2	116,4	133,6
ипэжыпIэкIэ къыщIэкIым тещIыхьауэ	-	101,4	115,5
Организацэ инхэм, курытхэм ику иту щылэжьа цIыху бжыгъэр (хьэрычэт Iуэху мыиным и субъектхэр хэмыту) цIыху мин	124,4	99,5	99,1
Лъэхъэнэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, цIыху мин		92,1	68,5

2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым и **Статистикэ регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я IэнатIэ пыгъэщхьэхукIауэ 12135-рэ итащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитIым щIигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ къигъэсэбэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж IэнатIэм (процент 23-рэ), сырьем елэжь IэнатIэм (процент 14,7-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я IэнатIэхэм (проценти 10,1-рэ), ухуэныгъэм (проценти 8,6-рэ) щыIащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъекту 8413-р (учетым ита псоми я процент 69,3-р) унейщ. Абыхэм ящыщу нэхъыбэ щыIэщ опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ къигъэсэбэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж IэнатIэм (процент 29,1-рэ), сырьем елэжь IэнатIэм (процент 17,9-рэ) мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iэнатэхэм (процент 13,1-рэ).

2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу уней IуэхущIапIэхэм ящыщу процент 79,5-р Урысей Федерацэм и цIыху щхьэхуэхэм къызэрагъэпэща организацэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэщ.

2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм **промышленностым и продукцэр** 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ проценти 100,1-рэ мэхъу.

Сырьем елэжь IэнатIэхэм я продукцэр проценти 100,3-рэ хъуащ. Нэхъ псынщIэу заужьащ ерыскъыпхъэхэр, фадэ, псы зэмылIэужьыгъуэхэри хэту, къыщIэзыгъэкI, пхъэм елэжь, пхъэхэкIхэр, хьэфэмрэ пластмассэхэрэ къыхэщIыкIа продукцэр, унэлъащIэ зыщI IэнатIэхэм, рудауэ щымыт материалу ягъэхьэзырым хэхъуащ.

Хуабэ энергиеу къалэжьым зэрыкIэрыхуам къыхэкIыу «электрокъарур, газыр, псыр къэлэжьыныр, ахэр тегуэшэныр» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэр гъэ кIуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ зэрыхъур процент 97,9-щ.

ПсэупIэ ухуэныр. 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм псори зэхэту псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мини 164-рэ хьэзыр ящIащ. 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ ар 1 проценткIэ нэхъыбэщ. ПсэупIэу хьэзыр хъуа псоми щыщу метр зэбгъузэнатIэ мини 152,8-р е хьэзыр хъуа псэупIэхэм я процент 93,1-р зыщIар уней ухуэныгъэ езыгъэкIуэкIахэрщ.

ПсэупIэ унэу яухуэм зэрыхэхъуэр
(метр зэбгъузэнатIэ мин)



Социальнэ-щэнхабзэ IэнатIэм хиубыдэу 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм хьэзыр ящIащ сабий 264-рэ щеджэн школ, газ зрикIуэ бжьамий гъуэгуу километр 1,66-рэ, псы зрикIуэ бжьамий гъуэгуу километр 0,97-рэ.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэр «Ухуэныгъэ» лIэужьыгъуэм хиубыдэу 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм сом мелуан 4461,3-рэ и уасэ лэжьыгъэ е 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ процент 1,6-рэ ирагъэкIуэкIащ.

КъызэрабжамкIэ, мэкъумэш продукцэ къэзылэжь псоми 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм **мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIащ** сом мелуан 16870,1-рэ и уасэ е 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ проценти 103-рэ.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм иджыри гъавэхэкIхэр Iуахыж. 2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми, нартыхури хэту, гъавэ тонн мин 569,3-рэ, 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 4,5-кIэ нэхъ мащIэ, къыщрахьэлIэжащ. Сэхурану тонн мин 29-рэ, блэкIа илъэсым елъытауэ процент 18,8-кIэ нэхъыбэ, къыщIаIукIащ. Псори зэхэту хадэхэкIыу тонн мин 282,2-рэ, блэкIа илъэсым елъытауэ проценти 2,3-кIэ нэхъыбэ, кIэртIофу тонн мини 197,1-рэ (проценти 3,3-кIэ нэхъыбэ) зэщIакъуэжащ.

Республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм гъавэхэкIхэр (нартыхур хэмыту) гъавэщIапIэхэм я процент 87,4-м щыIуахыжри, гъавэ тонн мини 163,3-рэ кърахьэлIащ, зы гектарым хуэзэу центнер 29,3-рэ къытрахащ. Ику иту республикэм къыщрахьэлIам нэхърэ гъавэхэкI нэхъ бэв (нартыхур хэмыту) яIащ Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Май, Прохладнэ, Тэрч, Аруан, Шэджэм муниципальнэ районхэм. Нартыхур гъавапхъэу щIыхэм я процент 37,6-м къытрахыжащ, тонн мин 29,4-рэ къыдачащ, зы гектарым хуэзэу центнер 36,4-рэ къитащ.

Iэщ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я бжыгъэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и хозяйствэ псоми щыхэхъуащ икIи блымыр мин 233,6-рэ (2008 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къалъытауэ проценти 103,7-рэ), абы щыщу жэмхэр мини 104,8-рэ (проценти 104,8-рэ), кхъуэр мин 53,3-рэ (проценти 164,1-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 306,6-рэ (проценти 107,1-рэ) хъуащ.

2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я Iэщым хэлIыкIащ былыму процент 0,8-рэ (2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм - 1 процент), кхъуэуэ проценти 5,4-рэ (проценти 6), мэлымрэ бжэнымрэ процент 1,1-рэ (1 процент). ЩIэжьейуэ къалъхум (былым лъхуэнпIэну 100-м тещIыхьауэ) хэхъуащ: шкIэхэм процент 19,2-кIэ, кхъуэшырхэм - хуэди 4-кIэ, щынэхэмрэ чыцIхэмрэ - проценти 5-кIэ.

ЦIыхухэм я уней щIапIэхэм щаIыгъщ былымым и процент 79,5-р, кхъуэм я процент 15,8-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 69,9-р.

Хозяйствэ псоми IэщхэкI лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу **къыщалэжьащ:**

	2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм тонн мин	*2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ, проценткIэ*
Лыуэ (яукIын папщIэ ягъэшха Iэщымрэ джэдкъазымрэ зэрыпсэууэ шэчауэ)	43,3	109,7
Шэуэ	251,1	107,0
ДжэдыкIэу, мелуан	133,2	106,2

Уней щапIэхэр зезыхьэ цIыхухэм лым и процент 59,6-р, гъэшым и процент 83,1-р, джэдыкIэм и процент 87,8-р, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ лым и процент 20,6-р, гъэшым и проценти 8,5-р, джэдыкIэм и проценти 3,4-р къалэжьащ.

Мэкъумэш организацэхэм Iэщымрэ джэдкъазымрэ къыпах хьерым хэхъуащ. 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм мэкъумэш организацэхэм **зы жэмым хуэзэу шэуэ** килограмм 2765-рэ (килограмм 2480-рэ) къыщIашащ, **джэд къэс хуэзэу джэдыкIэу** 176-рэ (170-рэ) къыщIахащ.

Коммерческэ хьэлъэхэр автотранспорткIэ къезышэкI организацэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм къриубыдэу хьэлъэу тонн мелуани 2,8-рэ ягъэIэпхъуащ, ар 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ процент 15,7-кIэ нэхъ мащIэщ. Хьэлъэу кърашэкIар тонн-километр мелуани 102-щ икIи проценти 5,9-кIэ нэхъ мащIэщ.

АвтобусхэмкIэ, маршрутхэм тет таксомоторхэмкIэ цIыху мелуан 42-рэ, троллейбусхэмкIэ цIыху мелуани 3,4-рэ кърашэкIащ. Псоми къагъэсэбэп пассажир автомобиль транспортым и зэфIэкIыр пассажир-километр мелуан 458,4-м нэсащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м къызэритамкIэ, автомобиль гъуэгухэм, жылагъуэхэм я уэрамхэм автотранспортым пыщIауэ къыщыхъу щIэщхъухэм якIэрыхуащ. Апхуэдэ къэхъукъащIэу 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм 508-рэ ятхащ, ар 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ проценти 4-кIэ нэхъ мащIэщ. Гъуэгухэм цIыхуи 157-рэ щыхэкIуэдащ.

Республикэм связымкIэ и организацэхэм 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIар сом мелуан 2522,6-рэ и уасэ хъууэ къалъытэ. А лэжьыгъэр иджыпсту зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм еплъытмэ, процент 25,4-кIэ нэхъыбэщ. Связым и Iуэтхьэбзэ псоми ящыщу цIыхухэм хуащIар сом мелуан 2128,7-рэ и уасэ мэхъу, гъэ кIуам зыхуэфащэ и лъэхъэнэм елъытауэ ар процент 26,5-кIэ нэхъыбэщ, связым и Iуэтхьэбзэу цIыхухэм хуащIэхэм я уасэхэм процент 0,5-кIэ зэрыхэхъуари хэту.

2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм къриубыдэу республикэм и щэхуакIуэ рынокым щащIа **розницэ сатур** 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ процент 1,8-кIэ нэхъыбэщ икIи псори зэхэту сом мелуан 37852,9-рэ и уасэ мэхъу.

Розницэ сатум зэфIигъэкIа псоми я процент 42-м щIигъур къызэрагъэпэщащ хьэпшып, ерыскъы бэзэрхэм, апхуэдэу а лъэужьыгъуитIри щащэ бэзэрхэм.

ЕрыскъыхэкIыу, фадэрэ псыуэ, тутыну цIыхухэм иращащ сом мелуан 18534,4-рэ и уасэ, ар товар бжыгъэкIэ къапщтэмэ, 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ проценти 2,4-кIэ нэхъ мащIэщ; ерыскъыхэкIхэм химыубыдэ товару сом мелуан 19318,5-рэ и уасэ е блэкIа зыхуэфащэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 3,9-кIэ нэхъыбэ ящащ. Розницэ сатур и зэхэлъыкIэкIэ къапщтэмэ, фадэр, псыхэкIхэр, тутыныр хэту, ерыскъыпхъэу процент 49-рэ, ерыскъыпхъэхэм химыубыдэ хьэпшыпу процент 51-рэ ящащ.

Опт сатууэ экономикэм пыщIа организацэ псоми 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм ящIар сом мелуан 4322,2-рэ и уасэ мэхъу, товар бжыгъэкIэ къапщтэмэ, ар 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ проценти 6,4-кIэ нэхъыбэщ.

ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу республикэм и цIыхухэм 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэм мазэхэм сом мелуан 8918,3-рэ и уасэ хуащIащ, 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ ар процент 1,4-кIэ нэхъыбэщ. Организацэхэм (хьэрычэт Iуэху мыиныр хэмыту) сом мелуан 6157,3-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ е Iуэхутхьэбзэ псоми я проценти 6,9-р зэфIагъэкIащ.

Унагъуэ Iуэхутхьэбзэу сом мелуан 1089,2-рэ и уасэ ящIащ, зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ къапщтэмэ, ар 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ процент 0,7-кIэ нэхъ мащIэщ. ПщIэкIэ ялэжьа Iуэхутхьэбзэ псоми ящыщу процент 12,2-р унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэрщ.

Урысей Федерацэ псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм щыхэхъуащ **хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм**. Зэрыщыту къапщтэмэ, 2009 гъэм и мазибгъум къриубыдэу уасэхэм проценти 109,1-м нэсу заIэтащ. Мыбдеж къыщыгъэлъэгъуапхъэщ псом хуэмыдэу пщIэкIэ ялэжь Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ лъапIэ зэрыхъуар, абыхэм я тарифхэр процент 12,7-кIэ къызэраIэтар. Ерыскъыпхъэхэр проценти 6,8-кIэ, ерыскъыхэкIыу щымыт товархэр проценти 9,4-кIэ нэхъ лъапIэ хъуащ.

Илъэсым зэрыщIидзэрэ хадэхэкIхэм ящыщу я уасэхэр нэхъ дэуеящ фошыгъум, пхъэщхьэмыщхьэм, шейм, кофем, шыгъум, хадэхэкIхэмрэ лымрэ къыхэщIыкIа консервхэм, IэфIыкIэхэм, макароным, бдзэжьейм, нэкулъхэм, лы гъэгъупцIам, фадэм, хадэхэкIхэм, маргариным, нэгъуэщIхэми.

ДжэдыкIэм, сэхуран дагъэм, майонезым, тхъуцIынэм, кхъуейм, гъэшым, хьэжыгъэм я уасэхэм кIэрыхуащ.

Ерыскъыгъуэу щымыт товару зыкIэлъыплъхэм ящыщу илъэсым зэрыщIидзэрэ нэхъ лъапIэ хъуащ мафIэдзыр, хущхъуэхэр, алэрыбгъуэхэр, зэрыжьыщIэ, зэрытхьэщIэ хуэIухуэщIэхэр, лъэпэдхэр, парфюмер-косметикэ хьэпшыпхэр, галантереер, щэкIыр, щыгъын зэIущар, щыгъынхэр, бензиныр, печатым и продукцэр и уасэм кIэрыхуащ дизель гъэсыныпхъэхэм.

ЦIыхухэм пщIэкIэ хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу зи уасэхэмрэ тарифхэмрэ нэхъ къаIэтахэм хохьэ егъэджэныгъэм, унагъуэ Iуэхухэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, узыншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ узыншагъэр зэтегъэувэжынымрэ, физкультурэмрэ спортымрэ, медицинэм, пассажир транспортым, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымкIэ я Iуэхутхьэбзэхэр.

Япэхэми хуэдэу, 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм республикэм и экономикэр зыхэта гугъуехьхэм ящыщщ **щIыхуэхэм я Iуэхур**. 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу (страховой, бюджет организацэхэр, банкхэр, хьэрычэт Iуэху мыиным и IэнатIэхэр хэмыту) организацэ инхэм, курытхэм къалэн зыщащIыжахэмкIэ (кредитхэмкIэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ, щIыхуэхэмкIэ) щIыхуэу ятелъар сом мелуан 2452,1-рэ е щIыхуэ псоми я процент 11,7-рэ хъууэ щытащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэ псоми ящыщу кредитор щIыхуэр процент 85-рэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ щIыхуэр процент 15-рэ мэхъу.

Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэу 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м сом мелуан 2084,4-рэ щыIащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэ псоми я зэхуэдитIым щIигъур (процент 60,1-р) къыхурагъэша продукцэм, ирагъэщIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм щыщу къатенарщ.

Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэу 2009 гъэм и фокIадэм и кIэм ирихьэлIэу сом мелуан 1878,8-рэ щыIащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэр къанэ щIагъуэ щымыIэу (процент 93,4-р) хурагъэша товархэм, хуащIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу щэхуакIуэхэм кърамытыжахэрщ.

ЦIыхухэм псори зэхэту къаIэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм сом мелуан 69445,1-м нэсащ икIи блэкIа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 14,6-кIэ нэхъыбэщ.

КъыщIэкIым тещIыхьауэ къапщтэмэ, ахъшэ хэхъуэхэр (фIэкIыпIэ зимыIэ платежхэр хагъэкIауэ, щэхуакIуэ уасэхэм зэрызахъуэжыр къэлъытауэ) проценти 7,3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Хэхъуэу цIыхухэм къаIэрыхьар сом мелуан 9939,4-кIэ нэхъыбэщ ахъшэу а зэманым къагъэсэбэпам нэхърэ.

Социальнэ ахъшэр хэмыту, 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм (хьэрычэт Iуэху мыиным и IэнатIэри хиубыдэу) **лэжьакIуэхэм ику иту хуатх улахуэр** сом 10577,2-м нэсащ икIи 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 16,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ. КъыщIэкIым тещIыхьауэ къапщтэмэ, курыт лэжьапщIэм процент 1,4-кIэ хэхъуащ.

ФокIадэ мазэм ику ит номинальнэ лэжьапщIэр сом 10833,6-м нэсащ икIи шыщхьэIу мазэм елъытауэ проценти 6,9-кIэ, 2008 гъэм и фокIадэ мазэм елъытауэ процент 14,2-кIэ нэхъыбэ хъуащ. КъыщIэкIым тещIыхьауэ къапщтэмэ, лэжьапщIэм шыщхьэIу мазэм елъытауэ проценти 6,8-кIэ, 2008 гъэм и фокIадэ мазэм елъытауэ процент 1,8-кIэ хэхъуащ.

Ику ит номинальнэ мазэ лэжьапщIэм, къыщIэкIам тещIыхьауэ ику ит мазэ лэжьапщIэм (социальнэ ахъшэр хэмыту) 2008-2009 гъэхэм зэрыхэхъуа (зэрыхэщIа) псынщIагъыр (2007 гъэм и дыгъэгъазэм елъытауэ проценткIэ).

ЛэжьапщIэр финанс Iуэхухэм пыщIа организацэхэм щынэхъ ину, мэз хозяйствэм, пхъэ зыгъэхьэзыр, щэкI щызэIуащIэ IуэхущIапIэхэм щынэхъ мащIэу щытащ.

ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ къэрал комитетым и органхэм 2009 гъэм фокIадэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэ зимыIэ цIыхуу мин 23-рэ официальнэу щатхащ. ЛэжьапIэншагъэкIэ ахъшэ кърату хуитыныгъэ цIыху мин 17,4-м яIащ.

ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ къэрал органхэм 2009 гъэм и фокIадэ мазэм къриубыдэу цIыху лэжьапIэншэу мини 4,4-м зыкъыхуагъэзащ, лэжьапIэ къагъуэтынымкIэ ядэIэпыкъуну къэлъаIуэу. Абыхэм ящыщу цIыху мин 0,4-м е 2008 гъэм и фокIадэ мазэм елъытауэ процент 47,6-кIэ нэхъ мащIэм лэжьапIэ (хэхъуэ къызыпахын IэнатIэ) къагъуэтащ.

«Роспотребнадзорым» КъБР-м щыIэ и ЩIыналъэ управленэм къызэритамкIэ, 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм **эпидемиологие** щытыкIэр нэхъ ткIийщ 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ, тэмакъ, тхьэмбыл уз зэрыцIалэхэр зэфыкIхэр процент 17,7-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуам къыхэкIыу. Псори зэхэту сымаджэу ятхар цIыху мин 52,2-рэ мэхъу, 2008 гъэм и апхуэдэ зэманым сымаджа цIыху мин 52,7-м я пIэкIэ.

Уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу цIыхухэм нэхъыбэу къеуэлIащ тэмакъ-вирус уз зэрыцIалэр (процент 89,4-рэ). КIэтIий уз зэрыцIалэхэр нэхъ мащIэ хъуащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м къызэритамкIэ, 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм щIэпхъаджагъэу ялэжьауэ ятхар 6756-щ, 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ялэжьауэ ятха 6919-м и пIэкIэ. Ятха щIэпхъаджагъэ псоми процент 31,6-р щIэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ. Мылъкушхуэ зэлъэфэлIэным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ ар проценти 5,6-кIэ нэхъыбэщ.

ЩIэпхъаджагъэ зылэжьауэ сэтей къащIахэр проценти 7,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи цIыху 2857-м нэсащ. ЩIэпхъаджащIэхэм ящыщу хэхъуэхэм я хэкIыпIэ зэпымыуэ зимыIэхэр процент 24,3-рэ, цIыхубзхэр процент 15,4-рэ, япэкIэ суд зытращIыхьахэр процент 17,1-рэ мэхъу.

КъызэралъытэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу **цIыхуу исар** мин 893,5-рэ мэхъу. 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм республикэм къалъхуауэ 9077-рэ, лIауэ 6379-рэ щатхащ, 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм къалъхуахэр 8923-рэ, лIахэр 5992-рэ хъууэ щытащ.

2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм ЗАГС-м и органхэм нэчыхь 4737-рэ ятхащ, 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм елъытауэ ар проценти 4,1-кIэ нэхъыбэщ. ЗэбгъэдэкIыжхэм я бжыгъэм процент 14,6-кIэ хэхъуащ икIи 1989-м нэсащ. 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм республикэм щатха нэчыхьхэм ящыщу 1000 къэс хуэзэу 420-р якъутэжащ, 2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм а бжыгъэр 382-рэ хъууэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрстат.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Абыхэм яхъумащ

МашIэщ кьэнэжар ди ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъур щыгрэлъэпIэну махуэр кьэсыным. А махуэм щылъхьышхуэ хуащу аргуэру зэ ягу кьагъэкIыжынуц Хэку зауэ эшэ эм я псэ емыфэжу хаху агъэ кьагъэльагъэуэ хэтэ зауэлIхэр. Абыхэм ящыщ мы тхыгъэм зи гугъу щытщI ветеранхэри.

* * *

ПАЩТЫ Токъан кьыщалIкъуа Куба кIуажэм щыIэ колхозым комбайнерым и кIуэдзэу щылажьэрт Хэку зауэшхэм щыщIидзам. И мамыр лэжьыгъэ кIыхьыгъэри, ар нэмыцэ фашистхэм япэуа ди зауэлIхэм яхьихащ.

1941 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 28-м Пащтыр япэу бийм щыпэщIэуващ Полтавэ кьалэм дежи.

Куэд дэмыкIыу Токъан т оп кьезышэкI тягачыр зехуэным щыхурагъаджэ курсхэм ягъэкIуащ. Ар 1942 гъэм щышышэм кьеуихри, сержант нэхъыщIэ Пащтыр тягачым и командир ящIащ. Токъан щылъэуащ Воронеж областым. Аргуэру зауэлIэм кьыIуащри танкист курсхэм ягъэкIуащ. Ар кьиуха нэужь, Т-34 танкым ит топым и командир ящIри, и частыр Сталинград ауэнтIащ.

Токъан хэт ащ Ростов, Каменск, Харьков, Одессэ кьалэхэр ухэт кьэщIыкьыным теухуауэ екIуэжа зауэхэм. Адэжь сержант Пащтыр лIыхъужьу бийм щезэуащ Молдавием, Румынием, Венгриеи, Австриеи, Чехословакиеи. Прагэ дежи щыIэзрихьа хахуагъэм папщIэ, Пащтым ыкIыбжьыкIэ щыщIащ. Абы кьыIэ «За боевые заслуги», «За оборону Сталинграда», «За взятие Вены», «За освобождение Будапешта» медалхэр.

Зауэр ди текIуэныгъэкIэ иуха нэужьи, Пащтыр Токъан 1946 гъэм и дыгъэгъазэ мазэ пщIондэ дзэм кьуныкьу щиIащ. Абы кьыIуха нэужь, пенсэм кIуэзу, колхозым и IэнатIэ зэмылIужьыгъуэхэм щылэжьащ.

* * *

БАХЪСЭН районым щыIэ Псыхъэрэ кьуажэм щыщ КьардэнАхьмэд зауэм и пэжь дзэм кьуныкьу щиIэу щедащI Краснодар кьалэм щыIа полк школым. Ар старшинэу кьэкIухауэ, Хэку зауэшхуэм щIидзащ. 1941 гъэм КьардэнАхьмэд япэу бийм ще-зэуащ Ярцевэ кьалэм дежи. ИтIанэ Ленинград фронтым щыIащ, Синявинскэ псыпIэжэм,Ладогэ гуэлым дежи нэмыцэ фашистхэм щеэзуащ. И IэбIэ сэмэгум щэ кьытехуэу и Iэр пахауэ кьыщалIхуэ кьуажэм экIэлуэжа нужь, сыныкьуэдкьыжуэ жимыIэу илъэс куэдкIэ колхозым щылэжьащ.

- Ленинград фронтым сыщыIэу, - игу кьигъэкIыжтАхьмэд, - щытIым дису танк 17 кьаклуэу тлъэгъуащ. Абдеж ди взводым и командир юмандир кьитащ. Танк зэракьутэ фоч дилэт, гъущIыр пхиу ду икIи мафэ щIидзэу. Бий ванкэ зи гъунэгъу кьэ хьуати, еуэр едгъажьэри, ванкибгъу ткьутащ, адрейхэр икIуэтэжащ. Абдежым ди командирыр кьэщIаклащ. Аргуэру нэмыцэхэр кьаклуэу хуежьащ. Сэ командирыгъэр си пщэ дэзмыпхьэу хуэкьыкIым. Бийр идгъэкIуэтыкащ. Абдежращ си IэбIэр щэм щыпихар. А зэхэуэм папщIэ сэ кьызатащ Хэку зауэшхуэм и орденым и I дамыгъэр, мы орденым и II дамыгъэри сиIэщ.

* * *

1941 гъэм Ростов деж япэ дыдэу зауэм щыIухьащ Бахъсэн кьалэм щыщ КIуэкIэу Мухьэдин. Иужькьэ ар лIыхъужьу щызэуащ Сталинград деж.

Ди дзэхэр биймебгъэрыкIуэрт. Абыхэм яхэту и сэлэт гъуэгуанэ гугъур икIурт адыгэ щIалэ КIуэкIуэмэ. Белоруссием зауэ гуащIэр щекIуэкIырт. Мухьэдин яхэтт «Багратион» операцэр езыгъэкIуэкI, удын нэхъыщхьэр бийм езыдз ди зауэлIхэм.

А зэманым ирихьэлIэу КIуэкIуэм и бгъэм кьыхахьхьат Вагъуэ Плышь орденыр. Дамыгъэ лъапIэр абы кьратат бийм и зы танк зэрикъуэм, фашист 45-рэ, офицери яо ту, гъэр кьыззэрищам папщIэ.

Зау зэ Германием и щIыналъэм нэсат. БерлинebгъэрыкIуаэхэм лIыхъужьыгъэ кьигъэльагъуэу зэрахэтам папщIэ, 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м КIуэкIуэм Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм кьыбгъэдэкIыу щытхъу тхылъ кьрат. 1945 гъэм кькьыгъэм и 2-м Сталин Иосиф КIуэкIуэм аргуэру у кьыщотхэу , Берлин зыщызыгъэбыда бийдзэхэр зэхэкъутэным хахуэу зэрыхэтам папщIэ.

Псом хуэмыдэу лыгъэкIэ зауэхэр екIуэкIащ езы Берлин кьыщащIэм. Совет Союзым и маршал Жуковыр зи унафэщI Есанэ Беларусь фронтым хэту фашистхэм я кьалащхьэмебгъэрыкIуэрт автоматчик взводым и унафэщI КIу экIэри. Фронтым и сэмэгурабгъумкIэ щызэуэ дзэхэм я гъуэсу ар дыхьащ Берлин, уэрэ кьэс бийм кьыитехьэжащ. Абдеж кьыщигъэльэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ Мухьэдин етIуанэгу кьратащ Вагъуэ Плышь орденыр, «За взятие Берлина» медалыр.

Ростов - Сталинград - Варшавэ - Берлин - апхуэдэ гъэзугъэ икIуащ гвардием и сержант КIуэкIуэм Мухьэдин и кьиныжьэ нэужь, ар илъэс щащIым щIигъукIэ щылэжьащ Бахъсэн районым ЩоджэнцыкIыкIум и цIэр щызезыхьа колхозым.

ГУФIэГъУЭ мах уэ хэм деж Вэрокьуэ Аслъэнбэч зыщитIагъэрт и дамыгъэ лъапIэхэр зыхэль кIэхстумыр. Ахэр щальагъкIэ, и кьуэрылъ ху , пхъурылъ ху цыкIуэхэр абы кьепщIэкьыт, орденхэм, медалхэм зэкIуэрэ ягъэщIагъуэу еупщIырт: «Дадэ, мыхэр дэнэ кьиупха?» Аслъэнбэч нэщхьыфIэу сабийхэм яхэплъэрт. «НасыпыфIэщ мыхэр, - жиIэрт дадэм. - Зауэ жыхуаIэр ямыщIэу, мамыру мэпсэу». А мамыр гъащIэм щIэзэуахэм, ахэр фашист гъэшIэгъуэхэм щызэхьыжмахэм яхэтащ езы Вэрокьуэ Аслъэнбэч...

Хэку зауэшхуэм щыщIидзам Вэрокьуэр егъэджакIуэу щылажьэрт Дзэлыкьуэдэс кьуажэ школым. 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м, и ныжькIыр илъэс 18-м иту Аслъэнбэч дзэм ираджащ. Ар щIагъэтIысхьащ Ордженикидзе кьалэм дэт Езанэ Бэракьплыжьэхьэ лъэсыдзэ училищэм. А гъэдыдэм и щыщхьэIу маэм, бийр кьыззэрыбгъалагъэм кьыхэкIыу, училищэр Кур жьм игъэIэпхъащ. ЩэкIуэгъуэм Вэрокьуэр а еджапIэм кьыщIэкIащ командир нэхъыщхьэу. Абы сэлэт щIалэхэр зэу эклэм хуигъасэт.

1943 гъэм и щIыщIэ мазэм Вэрокьуэр зыхэт частыр Краснодар крайм хиубыдэ Григорьевскэ станицэм деж, зауэлIэм щыIухащ. А зэманым Вэрокьуэ зи автоматчик гупым и унафэщIт. Бийм зэрызигъэбыдар зэпхатхэри, ди дзэхэребгъэрыкIуэ Крымск кьалэм нэс икIи ар хуит кьащIыкащ. Абы япэу Вэрокьуэр уIэгъэ кьащIащ. Шэ кьытехуат и Iэ сэмэгумрэ и лъакьуэ сэмэгумрэ. Ауэ, и отделенэм кьыхуагъэуа кьалэныр игъэззэщIэху, зауэлIэм кьыIукIакьым. Абдеж кьыщигъэльэгъуа лIыхъужьыкIэм папщIэ Вэрокьуэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ и япэ дамыгъэр - «За отвагу» медалыр. Ар кьыщратыжащ сымаджэщым.

Хьужа нэужь, 1943 гъэм и пэщIэдзэхэм, Вэрокьуэр хагъэхьащ 18-нэ армэм щыщ сапер частым. Новороссийск пэгъунэгъуэ щыIэ, щIэрыIуэ хьуа цементэ заводым деж ар щагъэсащ лагъым щилъкьэфу, кьыщIихьыфу. Мэлыжьыхьэ мазэм Аслъэнбэч зыхэт сапер ротэр Хьэфыщцейкэ (Геленджик) тенджызым ираштри, «Малая земля» зыфаща щы кIапэм щрагъэтIысыкIащ.

- Дыззэрысар торпедэ катер т, - игу кьиГъэкIыжырт Вэрокьуэм. - Новороссийск зыщызыгъэбыда бийр зэпымыуэу топкIэ кьыдэ зэрт. Жэщыр кIыфIри псыщIэу дыкIуащ, лажьэ кьыдэмыкIыуи псы Iуфэм дыкьуэдыкьуэщ жимыIэу илъэс куэдкIэ колхозым щылэжьащ.

- Ленинград фронтым сыщыIэу, - игу кьиГъэкIыжтАхьмэд, - щытIым дису танк 17 кьаклуэу тлъэгъуащ. Абдеж ди взводым и командир юмандир кьитащ. Танк зэракьутэ фоч дилэт, гъущIыр пхиу ду икIи мафэ щIидзэу. Бий ванкэ зи гъунэгъу кьэ хьуати, еуэр едгъажьэри, ванкибгъу ткьутащ, адрейхэр икIуэтэжащ. Абдежым ди командирыр кьэщIаклащ. Аргуэру нэмыцэхэр кьаклуэу хуежьащ. Сэ командирыгъэр си пщэ дэзмыпхьэу хуэкьыкIым. Бийр идгъэкIуэтыкащ. Абдежращ си IэбIэр щэм щыпихар. А зэхэуэм папщIэ сэ кьызатащ Хэку зауэшхуэм и орденым и I дамыгъэр, мы орденым и II дамыгъэри сиIэщ.

* * *

1941 гъэм Ростов деж япэ дыдэу зауэм щыIухьащ Бахъсэн кьалэм щыщ КIуэкIэу Мухьэдин. Иужькьэ ар лIыхъужьу щызэуащ Сталинград деж.

Ди дзэхэр биймебгъэрыкIуэрт. Абыхэм яхэту и сэлэт гъуэгуанэ гугъур икIурт адыгэ щIалэ КIуэкIуэмэ. Белоруссием зауэ гуащIэр щекIуэкIырт. Мухьэдин яхэтт «Багратион» операцэр езыгъэкIуэкI, удын нэхъыщхьэр бийм езыдз ди зауэлIхэм.

А зэманым ирихьэлIэу КIуэкIуэм и бгъэм кьыхахьхьат Вагъуэ Плышь орденыр. Дамыгъэ лъапIэр абы кьратат бийм и зы танк зэрикъуэм, фашист 45-рэ, офицери яо ту, гъэр кьыззэрищам папщIэ.

Зау зэ Германием и щIыналъэм нэсат. БерлинebгъэрыкIуаэхэм лIыхъужьыгъэ кьигъэльагъуэу зэрахэтам папщIэ, 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м КIуэкIуэм Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм кьыбгъэдэкIыу щытхъу тхылъ кьрат. 1945 гъэм кькьыгъэм и 2-м Сталин Иосиф КIуэкIуэм аргуэру у кьыщотхэу , Берлин зыщызыгъэбыда бийдзэхэр зэхэкъутэным хахуэу зэрыхэтам папщIэ.

Псом хуэмыдэу лыгъэкIэ зауэхэр екIуэкIащ езы Берлин кьыщащIэм. Совет Союзым и маршал Жуковыр зи унафэщI Есанэ Беларусь фронтым хэту фашистхэм я кьалащхьэмебгъэрыкIуэрт автоматчик взводым и унафэщI КIу экIэри. Фронтым и сэмэгурабгъумкIэ щызэуэ дзэхэм я гъуэсу ар дыхьащ Берлин, уэрэ кьэс бийм кьыитехьэжащ. Абдеж кьыщигъэльэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ Мухьэдин етIуанэгу кьратащ Вагъуэ Плышь орденыр, «За взятие Берлина» медалыр.

Ростов - Сталинград - Варшавэ - Берлин - апхуэдэ гъэзугъэ икIуащ гвардием и сержант КIуэкIуэм и кьиныжьэ нэужь, ар илъэс щащIым щIигъукIэ щылэжьащ Бахъсэн районым ЩоджэнцыкIыкIум и цIэр щызезыхьа колхозым.

Зыгъэзэжьэрар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

Хьэчим



Таужан

ЕгъэджакIуэ хъарзынэхэр яхуэщIу сызыщIалъуа жыдагъуэм (нэхъапэхэм Щэджэм Мыдрыщу, Щэджэм Езанэу кьэгъуэгурыкIуам, мы зэманым Щэджэм кьадзкIэ, зэлджэм) дэт еджапIэ хэм. Си гуапэу сигу кьызогъэкьыж балигъхэмри сабийхэми пщIэщхуэ зыхуаIуу щыта уэзщIакIуэ гъуэзэджэхэзу Дэбагъуэ Барэсбий. Кlасэ Лидэ, Пшынокьуэ Пту1э, Севарцевэ Марие, Вэрыкьуэ Хьызыр, нэгъуэщI куэдхэри. Абыхэм ящыщIу мы тхыгъэр зытеэхуха щыIуэ щыпкъэхэр, зэщхьэгъуэзхэу Вэрыкьуэхэ Хьэчимрэ Таужанрэ.

СИГУ ихужьыркъым: уэс нальэ щыкIу бжьыгъэнщэхэр щыпщIыпщIырт дызыщIедзэ классым и щхьэгъубжэхэм. Доскам бгъэдэту адыгэбзэм кьыхьихьа фIэщыгъэщIэхэм я гугъу кьытхуищIырт Таужан, псалъэ щхьэуэхэр зэратх мардэхэм нэхъ тригъэчыныхьурэ. Щ1ыхьгъубжэмкIэ зигъаозэщI, уэрамым щызэрыкъэхьэ уэсуэдэм зы- тIэкIурэ хэплъэри, кьыпыгуфыкIащ, и дерсыр а теплъэр Iупщу кьызыIуэщ литературэ тхыгъэхэм хуигъэкIуащ. Кьытхуеджэуи щIидзащ, макъ жьгъыру дахэкIэ, уэрэд кьыджнIэм хуэдэу.

Щоджэнцыкlу Алий и уэс хьэлэмэтыщIэхэм:

Махуэр уейщи, жьы зэпихум
Хуарзэу уэсыр
кьрехьэкI,
Кьуакlи тафи
кьнмыгъанэу
Джэбын хужьыр
кьрешэкI...

«Кьытхуеджэ» псалъэр тэмэм дыдэкьым - гукIэ фIыуэ ищIэ уэсхэр кьытхуиIуатэрт. Анэдэлъхубзэм и Iуапагъэ Iофlагъыр тельыджащэу зыхьдигъащIэу, нэжэгужагъэ, кьару хьэлэмэт гуэрхэри кьытхилъхьэу.

Уэ хэмыльу, Таужан хэльт литературэм, гъуэзджэм быдзэу пыщIа зэчий гуапэжьакIуэт, и бзэр Iэфlт, кьулейт, зэгъэпщынкIыгъэ щIэщыгъуэхэмкIи бейт. Ди егъэджакIуэр Щоджэнцыкlухэ япхъут, адыгэ усакIуэшхуэм и Iыхьлыт. Абы иригушхуэу, зэман-зэманкIэ я гугъу кьыдэхуищIырт Алий и гъащIэм, и Iэужьхэм, и бынунагъуэм и кьеКIуэКIыкIам, игъэва гугъуехьхэм. Малъхьэдисым хуэдэу дызыIэпишауэ дедаIуэрт Щоджэнцыкlу лъэпкъым и кьежьапIэм, и цIыху пэрытхэм ятеуха хьыбархэм, ди егъэджакIуэр нэхьри гъунэгъу, Iыхьлы кьыззэрытхуэхьэр, ди псэм кьызэрыдыхьэр зыхьэтщIэу.

Таужан и щхьэгъусэ Хьэчимиди цIыху гуапэт, щытхъуфI зиIэт. Сэ сащыщакьым абы иригъэджахэм, ауэ куэдым яIуатэу зэхэсхащ химиемкIэ дерсхэр гъэщIэгъуэну, класс щIыб лэжьыгъэхэр кьызэгъэпэщынымкIи щапхъэфу зэрыщытар. СощIэж: Хьэчим еджапIэм и щIапнтIэм кьыщIыдыхьэкIэ, гуп-гупу адэмыдэкIэ щызэхэт еджакIуэхэр занщIэу зэфIэувэрт. Лы кьэзгъу лъагэм фIэхъуэ кьаблъхэм нэмыкьыбкIи щIахьэфу яхунщIырт, зэрахуэзарэзыр нэрылъагъуэу.

Хьэчим псэльэрейтэкъым, сабырыIуэуи кьыпфIэщIынут. И макъыр щабэт, и бзэр гъэхуат, кьуелейт, иригъаджэ ящIэ ди ныбжьыкIэхэр.

Куэд хъурт Вэрыкьуэм сабийхэми балигъхэми пщIэ кьыщIыхуащIым и щIхьэгъусыгъэхэр. Еджапlэм хъарзынэу щигъэзащIэ гъэжьыгъэ мытынщхэм кьадзкIуэу, Хьэчим зэдихьэрт «Жьлагъэ кьаленэ» жьыуаIэу щытахэм ящыщу зыбжанэ. Си нэгу щIэкIащ ар колхозхэзгъэм Iэзэу лекIэ къаэзрыуеджэгъар.

Хадапщ1эхэр нартыху хьэсэшхуэм и кум хэт Iуащхьэхуэм и джабэм дыщIэхэ хэтIысхьат щхьэж и занщIэу.

Таужан дерс хэр ет. *1967 гъэ*

Дуней Iуэху щытыкIэм тепсэтыныху зэрыщIидзэу, дерсхэр щиткIэ еджакIуэхэр кьыззредаIуэм хуэдэу, пэжьакIуэхэр зэщIэщымат: Хьэчим и лекцэр гъэпсат удэзыхьэх ухуэкIэкIэ, гъащIэм щыщ щапхъэ хьэлэмэтэкIэ. Лекторым и якьаIуатэр, щынигъэзэфI зэрыбгрэдэхъыр гунэс зыщыкьуа лэжьакIуэхэми, зэманыр пщыхьэщхьэ хуэкIуэ зэрыхуэм гу лъамытэу, упщIэ зэмылIэужьхьыгъэхэр кьыттракIуэрт, езыхэм я Iуэху епIыкIэхэри кьагъэнахуэу.

Лъэрытемытщ зэманыр. Илъэс щэныкьуэм щIигъащ кьуажэ еджапIэр кьызэрыгъэхуэр, ди егъэджакIуэу зыщызэIущIащ гуфIэгъуэ е гуаузэ дауэдапщэхэм. Таужан жыдджэру хэтт егъэджэнымгъэм пыщIаеу районым, рестубликэм кьыщызэрагъэпэщ зэхуэсхэм. Абыхэм ящыщ зым - Щэджэм ЕтIуанэм щекIуэкIа щIэныгъэ-практикэ конференцым -дышьэрихьэлIэрэр, гупсэхуу кьыслхуиIуэтэгъащ и гъащIэр кьызэрекIуэкIар, и унагъуэм, зыщIлажьэ еджапIэм щиIэ екъуIэнэныгъэхэр, нэхъ зыгъэпIейтей псалъэхэр. Мурад Сащат Хьэчимрэ Таужанрэ ятеуха тхыгъэ «Адыгэ псалъэм» хузэгъэхьэзырыну. Сигу кьоуэ а мурадыр згъэзэщIэныр игъуэу кьызэрызэмыхьыIар, Хьэчимии, Таужани, ди егъэджакIуэфIу щыта зыкьомри нобэ кьызэрытхэмытыжьыр, абыхэм я «щыхуэ» куэд зэрыстелъыр.

Аэрэ зэрыспшныжьыхьэр быдзу зыхэсщIауэ, щIэджэкIакIуэхэр фIыщэогъэгъуэзэ Хьэчимрэ Таужанрэ ятеуху уэ си журналист блокнотым кьыслхьжа, щIэгъэкьуэн кьэсщIа тхыгъэхэм, сурэтхэм, дэфтэр щхьэхуэхэм. Япэ щIыкIэ ныфхуэзолъэтэж зэгуэрым Таужан сызэрепщIахэмрэ абы я жуэпу кьызнтыжыгъэхэмрэ.

- **Ди псалъэмакъыр кьыщIэдгъадзэт, Таужан, школым ущыщIэса зэманым нэхъ гукъынэжь пщыхьэхэмкIэ.**

- Си нюбжьыр илъэситху фIэкIа мыхьауэу, си щыпхъу Нэлжан сригъуэзу еджапIэм сыкIуэри, Бырхьэм ФатIимэ ириГъаджэхэм сахэтIыхьауэ, Хьуэжэ и бэщмакьыу, классым сакъыфIыщIэнауэ щытащ. ФатIимэ сигъэгушхуэурэ, фIы дыдэу седжащ. Апхуэдэу фIыкIэ сигу кьинэжащ ДыщэкI Мухьэмэдан. Ар сыт и пIэныкьуэкIи сабийхэм кьыддэIэпыкьурт, ерыскьыкIэ зыхуэупсэжри щIэт.

8-нэ классыр кьэзухри, педучилищэм сыщIэтIысхьащ, ари фIы дыдэу кьыззэнэкIри, ди университетым и урыдадыгэ кьудамэм и студент сихьащ. -Ту- фIэкIа кьэзмыкьу седжащ, старостэ, профсоюз комитетым и унафэщI кьаIэнэкIри зэдэхэу. ЕгъэджакIуэ сихьащ, университетым сыщIэсу, ещанэ курсым сыхьэу. Бахъсэн районым и унафэщIэм я лъэпкъ, Исламэй кьуажэм сабийхэр щезгъаджэу щIэздзащ.

- **Зи Iэщ1агъэм щIэ дыдэу диныкьэхьщхьэрэм щыIэщ. Сыт хуэдэу кьыщIыкьуэна уи япэрей гъжьэгъуэ махуэкIэ?**

- Дзрэжэгъэщхэу сиIэу сыщIыкащ кьасскьым. Гуэр псэжIэ сегугъурт сабийхэр егъэджэным, си егъэджакIуэу щытахэм я лэжьакIэр щыщ. Ар щезгъэджар Дыгулыбгъуей дэт еджапIэрщ, нэхъ нужьыIуэкIэ сызыщыIэзжьарщ. Мы еджапIэми щыдиIэт кружок зыбжанэ, щIэх-щIэхыуэрэ щедгъэкIуэкIырт пшыхь гъэщIэгъэнэхэр, зэкьэзэхуэхэр, щыдгъэльагъуэрт спектаклэхэр. Сэрат театрым и унафэщIэ, Соощ1эж -Хьамботрэ Iащэрэ» романым кьыттещIыкIауэ спектаклъ хэпарзынэ зэрыдгъэувыIэрщ. Абы мэзхъумэу щыдджэгурт КIуэкIуэ Валерий, Щоджэн Шидэ игъэзащIэрт Кьамбот и роныр. Лащэр сэрат. Илъэс Iэдэ дэкIыжа нэужьи, зэзэмызэ сыщыIущIэкIэ, КIуэкIуэм, гушыIэрэ сигу кьиГъэкIыжырт «сызэрыГ-Лащэр», спектаклым здыхэтым, кьэпIейтешауэ, щжуу жиIэн хуея псалъэжэр зэхъуэкIауэ икIи иныIуэу кьызэрыжьэдэкIыгъар.

Си гуапэу сигу кьызогъэкIыж мы еджапIэми сабий зэчинфIэу зыкьом зэрыщIэсар. Псом хуэмыдэу сахуэзарэзыт Кьхъуэгуфэ Хьэчим, Кьамбий Зуфар, Щэныбэ Юрэ, Иуан Бубэ, Бэгъэтыр Заудин, Кьунаш Хьэжмурид, Кьуэныкьуей Мусэрбий, Арбгъащокьуэ Алисэхъ, Быгуэ Нэжьуц сымэ.

Мы еджапIэм кьыщысщыгъхуат илъэс ныкьуэ нэхъ дэмыкIыу щхьэгъусэ оуэхъуа Вэрыкьуэ Хьэчимии. Абы щыкIуэхэр химиемкIэ ириГъаджэрт, профсоюз комитетым и Iэтащхьэ кьаIэнэхэри зэдилъхьэрт, Iофлъэхэм я Iофлъэхэм, сурэтхэм, дэфтэр щхьэхуэхэм. Япэ щIыкIэ ныфхуэзолъэтэж зэгуэрым Таужан сызэрепщIахэмрэ абы я жуэпу кьызнтыжыгъэхэмрэ.

- **ЕгъэджакIуэ кьызэрыгъэбым кьыщыныIуэу. Сэ сызэрыщIагъуэзэжащ. Хьэчим пэрытащ жуэпдыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI кьуныкьуэхэми.**

- Хьэчим гъэкащ Бахъсэн, Щэджэм РОНО-хэм я унафэщIу, Щхьэныкьуэ, Щэджэм Езанэм дэт курыт еджапIэхэм я Iэтащхьэ, ди университетым и мэкъумэш факультетым и егъэджакIуэу. Си щхьэгъусэм сыщыкъэнуну ди хабзэхэм кьеезэгъыжыкIэм. Ауэ ар цIыку кьызэрыгуэкIэтхьыкьым. Абы пщэрыть щащIырт кьыкIэрыкIуэ IэнатIэр. Гурэ псэкIэ и кьалэнхэр игъэзащIэрти, зи кьыщагъэхъуэ щIадзащ хадгэкIэхэр, мэракIуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, удз дахэхэр. ПыщIэныгъэфI худи1эт колхозым. Ди егъэджакIуэхэр ямыдэжэру хэтт гъавэр (хадэхэкIыр, нартыхуэр, дзэгъэмэщIэпщ) кьехьэлIэжьыным. Школым щIэ-щIэхыуэрэ щекIуэкIырт гушыIэ пшыхьхэр, юнцертхэр, зэкьэзэхуэ Iэджэжэр.

ЖьпIэнуракъэ, ар нэгъуэщI дунейт, нэжэгужагъэр, зэдэIэпыкьуныр, зэкущытыкIэфIэхэр щытепщэ гъащIэ тельыджэт. Иджыдэй егъэджэныгъэм Iуащхьэгъуэ мыкъуэмыщIаГъэхэр ди пщIыхьэпIэхэм я нэхъ Iей дыдэхэми кьызнхуэрэтэкъым.

- **Сыт хуэдэ мыгъуэгъэхэра зи гугъу пщIыр, Таужан?**

- Дэ1эхэм утепсэлъыхьэн? Сэ сфIэигъуэджэщ пхъашэу сабийхэм епсалъэжр, щIы-упхэр, фадэм дихьэ хэхэр, хамэ мыгъкъ зэзыбгъэкIэхэр, зы щапхъэфIи зымыгъэлъэгъуфэр егъэджакIуэхэм мымащIэу яхэт зэрыкъуар. Языныкьуэ «уэзщIакIуэхэм», Iуфлъхь кьыIахьыкьрэ «репетитору долажь», жаIэурэ, ахъшэжэр зэхуахьэс, я напщIэр мыхуадэу. Зы сыхьэт «репетиторэм» (пщIэншэу игъэззщIапхъэм!) щхьэкIэ сомищэ зыбжанэкIэ адэ-анэхэм я жьипхэм иIэбэхэр гуэнэжщ. Апхуэдэхэр, сэ кьызэрысфIэщыкIмкIэ, еджапIэм гъунэгъу бгъэдэбгъэкъэ хъунукъым.

- **Таужан, дыхуэй-дыхуэмейми, зэманым зехъуэж...**

- Хьэуэ, дэтхэнэ зэхъуэкIыныгъэри зыхуэунэтIауэ щытыпхъэр щыслъугъэщ, нэмысырщ, гущIэгъэщ. АбыкIэ дапщэщи щапхъэфIу щытыпхъэщ егъэджакIуэр. А щIэ лъапIэм хуэфащэу псэну зу хуеймэ.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Таужан и нужьрей псалъэхэр кьысфIэщIат егъэджакIуэ дэтхэмэм хуэмурэ хуэдэ гъэщIэгъуэ зэрыгъэпIысыжат Хэку зауэшхуэм зеиншэ ищIа, Ленинград кьраша щIалэ цIыкIр. Зэщхьэгъусэхэр адэ-анэ яхуэхъуащ, кьагъэхъуащ, зыхуей хуэ1эу кьаГъэтэджащ нэгъуэщI щIалитIи. Хьэчим и жэрдэмкIэ, кьулейсыгьыгъэ кьызэринэжIри, республикэм и кьулыкьуэхэхэ пэрытхэм яхьхьащ ещанэ щIалэ хьарзынэри.

- А псоми кьадзкIыу, си адэ-анэр куэдым ядэIэпыкъуащ мытыкуIэ, кьэрал гуфIыпэ яГъуэтыныжмкIэ, пенсэ нэ хъыбэ кьратыныжмкIэ, якъуэжащ сабий зеиншэ, нысхьэдыкъуэ, лIыкъ-фызыжь куэдым, - жеIэ Рим1э, - сиуэфIэкIатэмэ, Хьэчимрэ Таужанрэ тхыгъэ пIащэ яхуэстхынт...

«ЕгъэджакIуэр цIыкуГъэкIэ, нэмыскIэ, гущIэгъкIэ дапщэщи щапхъэфIу щытыпхъэщ, и цIэ лъапIэм хуэфащэу, - жеIэ хуеймэ, - си гум щIэрыщIу що жьыуэ Таужан зэгуэрым кьыжьигъэга псалъэ хьэлэмэтхэр. Абыхэм кьахэтэджкьыкIар зи гъащIэ псор цIыкуфэм тIыхь яхуэзыщIа, зи Iэщ1агъэр хьэрфышхуэкIэ ятх гъэсакIуэ, уэзщIакIуэ нэсхэрщ.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.

Хьэчим и гъэсэнхэм яхэтщ. *1962 гъэ*

● Фэеплъ

Вэрыкьуэхэ Хьэчимрэ Таужанрэ

УнагъуэщIэхэм доIэпыкъу

● ПсэупIэ

«Псэупlэ» федеральнэ программэм кьыщыгъэльэгъуа Iуэхухэм щыщщ унагъуэ зыщIа щIалэгъуалэр псэупIэкIэ кьызэрэпэщыныр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ ар зэрыщагъэзащIэм и щыхьэтщ Шэрдэж куэйм щыщу унагъуэщIэ 14-м сертификатхэр зэрыратар. А дэфтэрымкIэ субсидие кьаIэрыхьэнущ, унэ кьащIэхуфIэн папщIэ. Иджы дыдэ Бабугент, Зэрэгъыж, Балъкьэр Ипщэ, Къащхьэтау, Жэмитьэлэ кьуажэхэм щыщхэщ сертификат зратахэр.

Шэрэдж куейм и администрацэм жьилагъуэр псэупIэкIэ кьызэгъэщIынымкIэ и кьудамэм и Iэщ1агъэлI Къэзакъ Алий щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы Iуэхум бюджет зэхуэмыдэхэм кьыхэкIуэу сом мелуани 3-рэ мин 814-м щIыгу текIуэдащ. Кьащэхуну унэм и уасэм щыщу процент 30-р федеральнэ бюджетым щыщщ, процент тхурытху хальхьэр республикэ, куей бюджетым кьыхэкIыу. Унэ уасэм и процент 60-р езыхэм хальхьэжну кьапэщIылъщ.

- Псом хуэмыдэу ди гуапэ хуэуащ сертификатхэр зэттам сабий бын унагъуэшхуэхэр зэрахэтыр. Унагъуэ зыщIа ныбжьыщIэхэм я нэхъыбэр щыгъуазэкIым мыпхуэдэ программэ зэрыщыIэм. Иужьрей зэманым куей администрацэм, кьуажэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэм жылагъуэм хьыбар тэмэму зэрыIэрагъэхьам и фIыщIкIэ мыпхуэдиз унагъуэм я дэфтэрхэр и чэзум кьызэрагъэпэщри, сертификатхэрэ кьаIэрыкьащ, - жиIащ Къэзакъ Алий.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Щоджэнцыкlу Алий и пхъурылъху ХьэкIуащэ Мадинэ и псалъэ.

ЕгъэджакIуэхэри еджакIуэхэри Iэзэт

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальэпеуэм ипкъ иткIэ екIуэкI зэхьзэзхуэхэм кьыщызыщэт Егъэджакlуэхэм я щIэныгъэ щыхагъахъуэ институтым щекIуэкIа, Щоджэнцыкlу Алий и творчествэм теухуа едэжныгъэхэр.

АДЫГЭ лъэпкъ литературэрэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа тхакIуэ щэджащэм и творчествэм, и Iэдакъэщ IэкIэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр ягъэхьэзырыщ 1-11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэм, апхуэдизуи а Iуэхум ехьэлIауэ егъэджакIуэхэм дерс зэIухахэр ятащ.

Зэхьзэхуэм кьрагъэблагъат Щоджэнцыкlу Алий и пхъурылъху, филологие щIэныгъэ я доктор ХьэкIуащэ Мадинэ, абы и адэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор ХьэкIуащэ Андрей сымэ.

Зэпеуэр кьызэIуихри, ныбжьыщIэхэр щхьэж зыхэт унэтIныныгъэ елытыгъэ зэрыплъэжьнур ягуригъэIуа нэужь, Балэ Людмилэ псалъэ иратащ ХьэкIуащэ Мадинэ. И адэшхуэм лъэпкым хуищIа лэжьыгъэ кьызэрымыкIуэм зэрыригъэр, абы и Iэдакъэщ IэкIэр ныбжьыщIэхэм жьдэжру зэраджьм зэрыригушхуэр жиIащ хьэщIэм, икIи Щоджэнцыкlуэм и тхыгъэхэм уеджэкIэрэ нэхъ псэ кьабзэ, акьылыфIэ уэзрыхьум шэч кьытрахьэн зэрыхуэмейр кьыхигъэщащ.

Алий и творчествэм, адыгэ лъэпкым и хьугъуэфIыгъуэм щыщ Iэдакъэщ IэкIэхэм ятеухуа сочиненэхэрт яп э гупым утыку кьрахьар. Ахэр хъэпщытакIуэхэм я пащхьэ кьралъхьэурэ я лэжьыгъэм тепсэлъыхьыжаxэщ нэхъыжь классхэм щIэс школакIуэхэр. Мы Iыхьэм кьигъэув кьалэныр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи ягъэзэщIащ, кьищынэмыщIауэ кьалэ еджапIэхэмрэ кьуажэ еджапIэхэмрэ я гъэсэнхэм я зэфIэкIыр зэщхьэщыхьауэ кьалытащ.

Кьуажэ курыт еджапIэхэм кьикIауэ адыгэбзэкIэ сочиненэ зытхахэм я деж япэ увыпIэ кьыщыхьащ Мэрзей Альбинэрэ (Курп Ипщэ курыт школ) Кьардэн Маринэрэ (Аушыджэр курыт школ), етIуанэ увыпIэр зэдагуэщащ Баший Заремэ (Арцыдан, курыт школ №3), Мэзло Елдар (Альтуд, курыт школ №2), Табыхьу Мадинэ (Анзорей, курыт школ №1) сымэ, ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Хьуран Людмилэ (Кьыщтэк курыт школ), БэлэтокъуэИслъам (Урожайнэ курыт школ), Азэмэт Саният (Псыкуэд курыт школ) сымэ.

Зэпеуэр кьызэIуихри, ныбжьыщIэхэр щхьэж зыхэт унэтIныныгъэ елытыгъэ зэрыплъэжьнур ягуригъэIуа нэужь, Балэ Людмилэ псалъэ иратащ ХьэкIуащэ Мадинэ. И адэшхуэм лъэпкым хуищIа лэжьыгъэ кьызэрымыкIуэм зэрыригъэр, абы и Iэдакъэщ IэкIэр ныбжьыщIэхэм жьдэжру зэраджьм зэрыригушхуэр жиIащ хьэщIэм, икIи Щоджэнцыкlуэм и тхыгъэхэм уеджэкIэрэ нэхъ псэ кьабзэ, акьылыфIэ уэзрыхьум шэч кьытрахьэн зэрыхуэмейр кьыхигъэщащ.

Алий и творчествэм, адыгэ лъэпкым и хьугъуэфIыгъуэм щыщ Iэдакъэщ IэкIэхэм ятеухуа сочиненэхэрт яп э гупым утыку кьрахьар. Ахэр хъэпщытакIуэхэм я пащхьэ кьралъхьэурэ я лэжьыгъэм тепсэлъыхьыжаxэщ нэхъыжь классхэм щIэс Гъукlэ Аминэ и лэжьыгъэр хуабжьу ягу ирихьауэ кьыхагъэщащ кьэпщытакIуэхэм.

Кьалэм дэс сабийхэм адыгэбзэкIэ ятха сочиненэм зи лэжьыгъэр нэхъыфI дыдэу кьыщалытар Проскуряковэ Дианэщ (Бахьсэн, гимназие №6), етIуанэ увыпIэр зэдагуэщащ Жылэтэж Аминэрэ (Тэрч, курыт школ №2) Понэж ФатIимэрэ (Бахьсэн, гимназие №6). Кьалэдэс ныбжьыщIэхэм урысыбзэкIэ ятха лэжьыгъэхэр утыку кьызыхьахэм я деж щытекIуащ Мыръэбэч Алинэ (Налшык, гимназие №29), етIуанэ увыпIэр ихьыщащ Окопная Викторие (Налшык, гимназие №29), ещанэ увыпIэр иубыдащ ЛэшкIэн Миланэ (Налшык, гимназие №29).

ЕтIуанэ Iыхьэм щыхьэзэхуэхэр Щоджэнцыкlум и усэхэм кьеджащ. Жылпэнчракъэ, усэ кьеджэным и гъэсэ зыныбжьыщIэхэм утыку щагъэлъэгъуащ адыгэбзэм и щрыуагъыр, я утыку итыкIэр, артист Iэзаг ьыр. 1-4-нэ классхэм я деж щытекIуащ Кьэжэр Миланэ (Ислъэмей, курыт школ №2), 5-8-нэ классхэм я деж япэ увыпIэр кьыщызыхьар Кьандэхъу Алимиз (Нарткъалэ, лицей №1), 9-11-нэ классхэм я деж пашэ щыхьащ Кьэрмокъуэ Марьянэ (Зекиюу, курыт школ №3).

УрысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ екIуэкIа зэхьзэзхуэм ныбжьыщIэхэр кьыщеджащ усакIуэм и Iэдакъэщ IэкIыу хамэбзэкIэ зэрадзэкIахэм. УрысыбзэкIэ усэ кьеджа, 5-8-нэ классхэм щIэсхэм я деж япэ увыпIэр кьыщахьащ Османовэ Ася (Бабугент курыт школ), Хьэмырзэ Радимэ (Зеикъуэ, курыт школ №3). ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэщащ Башиевэ Мадинэрэ (Бабугент курыт школ) Османовэ ФатIимэрэ (Балъкъэр Ипщэ, курыт школ №1). Мы Iыхьэм иджырей технологиехэм я Iэмалхэр кьэзыгъэсэбэнурэ усэ кьеджахэм я зэфIэкIыр щхьхуэу кьыщалъытащ. Абыхэм я нэхъыфI дыдэу кьыхагъэщащ Щэджэм дэт курыт школ №2-м и еджакIуэ Кьардэн Алинэ игъэхьэзырар.

Щоджэнцыкlу Алий теухуауэ ныбжьыщIэхэм зэхалъхьа усэхэр утыку кьыщрахьэм - адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ жызыIаахэм ящыщу Кьэрмокъуэ Зурьянэ (Зекиюу, курыт школ №3), Атабиевэ Зухра (Балъкъэр Ипщэ, курыт школ №1), Аппоевэ Танзиля (Бабугент курыт школ) сымэ нэхъыфIхэм хабжащ.

Алий кьызэринэкIа творческэ гъэгуанэ дахэм хуэгъэпсат республикэм и районэ зэмылIэужьыныгъуэхэм кьикIа егъэджакIуэхэм ятадерсхэри. Ахэр икъукIэ удэзыхьэт икIи купщIафIэт. Адыгэбзэкlэ ята урокхэм япэ увыпIэр кьыщихьащ Кьазий Анжелэ (Сэрмакъ, курыт школ №1), етIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Лэжьэрей Фенэ (Урожайнэ курыт школ), ещанэ увыпIэр зэдагуэщащ Кьумыкъу Светланэрэ (Альтуд, курыт школ №2) Аунуэ Маритэрэ (Псыкуэд курыт школ). УрысыбзэкIэ зи лэжьыгъэр утыку кьызыхьахэм ятекIуащ Кьудей Заринэ (Налшык, курыт школ №11), етIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Лу Марие (Альтуд, курыт школ №2), ещанэ увыпIэр иубыдащ Аджаматовэ Ларисэ (Плановскэ, курыт школ №2).

Сабийхэр кьыдихьэхьи мурадкIэ иджырей технологием и Iэмалхэр Iэрыхуэу кьызэригъэсэбэным папщIэ гулытэ дей хуащIащ Исльэмей курыт школ №1-м и егъэджакIуэ Кьаншауэ Оксанэ. Апхуэдэуи кьэпщытакIуэхэм хуабжьу ягу дыхьащ Урыху кьуажэ дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Нот Зоерэ инджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэ Блий ФатIимэрэ зэгъусэу ягъэхьэзырар дерс зэIухар.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



Зэхьзэхуэм и кIэлъыплъакIуэхэм ящыщщ КъБКъУ-м и профессор ХьэкIуащэ Андрей.

Зэпеуэм хэта еджакIуэ цIыкIухэр.

Иджыблагъэ ухащ Сочэ кьалэм футболымкIэ и чемпионатыр. Псори зэгъусэу зэхьзэзхуэм хэтащ командэ 20.

«КIыщмей»-р аргуэру нэхъыфIхэм яхохьэ

Футбол

МЫГЪЭРЕЙ чемпионатым и жэз медалхэр зыIэригъэхьащ нэгъабэ етIуанэ увыпIэр кьэзыхьа адыгэ кьуажэ Головинкэ и «КIыщмей» командэм. 2008 гъэм япэ дыдэу зэхьзэзхуэм хьхьэу дыжьын медалхэр зыIэрызыгъэхьа командэцIэм и ехьэлIэныгъэм куэд тепсэлъыхьырт. Ягъыкьуэхэм жаIэрт кьызэрыхьыжьащIэм щхьэкIэ чемпионатыр зыфIэгъэщIэгъуэн гупыр фIыуэ джэгуауэ, кьыкIэлъыкIуэ ильэсхэм ахуэдэ джэгукIэкIэ абыхэм ящыгугъ мыхьуну.

Пэж дыдэу «КIыщмей»-м и дежкIэ дэтхэнэ зы зэIущIэми мыхьэнэшхэ иIэт - щIэрэ щхьэрэ зэзыгъэпэща командэ лъэщхэм зэуфащуэ ягъэщIэтын, кьикIуэтын мурад зэрамыIэр кьагъэлъэгъуэн хуейт. НэгъуэщI хэкIыпIи командэм иIэтэкъым. Я унэ щрагъэкIуэкI зэIущIэхэм кьуажэдэсхэр кьанэ щымыIэу кьекIуалIэрт пшынэхэр, бэрэбанэхэр, адыгэ ныпхэр яIыгъыу я щIалэхэм кьадэщIыну. Абыхэм я гугъэхэр ямыгъэпэжу хьунутэкъым футболистхэми.

Мы гъэ джэгугъуэр «КIыщмей»-м и дежкIэ нэхъ гугъуауэ жыпIэ хьунущ. Иджы джэгукIэ дахэ кьэзыгъэлъагъуэ командэщIэр «хьэщIэм» и пIэм изыгъэувжьыну хэтыр и хьэрхуэрэгъуэхэм я закъуэтэкъым, атIэ кьалэм и зэхьзэзхуэм пашэныгъэр щызыубыдыну хущIэкъуэкъ кьагъэувыIэну хэтт судьяхэми. Сыт хуэдэ гугъуехьхэр кьыпэщылъами, ахэр кьызэринэкIри чемпионатым ещанэ увыпIэр щиубыдащ «КIыщмей»-м. Абы япэ ищащ Хостэ и «Динамо»-мрэ Сочэ и «Источник»-мрэ.

- Мыгъэрей зэхьзэхуэм увыпIэ нэхъ льагэ зыIэрыдгъэхьэну ди мурадат, - жеIэ «КIыщмей»-м и капитан Куэблэ Мадин. - Ауэ футболым емыпхэ щхьэусыгъуэ зыбжанэ зэран кьытхуэхьащ. Япэ кьекIуэкIыгъуэм нэхъыкIэу дыджэгуащ, ауэ етIуанэм щIэтхъуэзэкри очко псори кьанэ щымыIэу кьэтхьащ.

Ди ехьэлIэныгъэр апхуэдизу льагэу щытыну кьыщIэкIынтэкъым командэм кьыдэщIахэр мыхьуатэмэ. Абыхэм сытым дежи ипэкIэ дыкIуэтэну, дебгъэрыкIуэну дыкьыхуащIэ. ФIыщIэ хэха хуэсщIыну сыхуейщ командэм мылъкукIэ щIэгъэкъуэн кьытхуэхьуа псоми, текIуэныгъэ щыдиIэми, ди Iуэхур щыдэмыкIми кьытхьэта цIыхухэм. Уеблэмэ, ди хьэрхуэрэгъуэхэм ягъэщIагъуэу жаIэрт: «КIыщмей»-м кьыдэщIэн хуэдэ зыщIыпIи щыбгъэтынукъым!»

Тхыгъэри сурэтри **НЫБЭ Анзор** *ейш.*

«КIыщмей» командэм хэтэр.

Каратэ

Ди щIалэхэм я ехъулIэныгъэ

Иджыблагъэ Румыниием и Брашов къалэм щекIуэкIащ ашихарэ-каратэмкIэ Европэм и чемпионат. Зэхьзэзхуэм хэтащ спорсменни 130-м щIигъэ.

КЪЭБЭЙДЕЙ-Балъкъэрым щыщу УФ-м и командэ кьыхэжам хэту бэнащ щIалитху. Килограмм 80 зи хьэлъагъэхэм я деж чемпионатым и дыщэ медалыр кьыщихьащ Урыс Зубер. Щоджэн Руслан (кг 75-рэ) зэхьзэзхуэм и дыжьын медалыр кьыльысащ. Килограмм 80 зи хьэлъагъэхэм я гупым ещанэ щыхьащ Жылау Аслъэн.

Ди щIалэхэр ягъэхьэзыращ Шахмурзаев Шахмурзэрэ Сэбаншы Муратрэ.

Иджырей пятиборье

УФ-м и чемпионатым макIуэ

Краснодар щызэхэтащ иджырей пятиборьемкIэ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм и чемпионат зэIуха. Абы хэтащ ди республикэм и гъэсэнхэри.

КЪЭБЭЙДЕЙ-Балъкъэр кьэрал мэкъуэмэш академием и егъэнэ курсым и студент Маплюченко Игорь зэхьзэзхуэм и дыжьын медалыр кьихьащ икIи етIанэгъэ щIышылэм Мэзкуу щекIуэкIыну УФ-м и чемпионатым хэтыну Iэмал игъэтащ. Ар егъасэ Зенин Сергей.

Самбэ

ЩIыналъэм кьыщыхожанымкIэ

Щэкlуэгъуэм и 18 - 21-хэм Армавир щекlуэкIащ самбэмкIэ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм и зэхьзэзхуэ. Пашэныгъэм щIэбэнащ 1992 - 1993 гъэхэм къатхуа спортсмен 300-м ящыгъэ.

КЪЭБЭЙДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьэр Армавир щахьумащ бэнакIуийм. Хьущт Ахьмэдхьанрэ (кг 70) Кьэрэмышэ Замиррэ (кг 65-рэ) дыжьын медалхэр кьахьащ. Зэхьзэзхуэм кьрикIуахэм япхъиткIэ, щIалитIри УФ-м и чемпионатым кIэнуэнхэр кьыщыхах зэхьзэзхуэу гъатхэм екIуэкIынум хэтынущ.

Дзюдо

Лъыхъужьым и фэеплъу

Щэкlуэгъуэм и 21 - 22-хэм Шэджэм щекIуэкIащ Соцналист Iэмэкъуэм и Лъыхъужь Ахьмэт Мусэбий и фэеплъу дзюдомкIэ урысейпсо турнир. Зэхьзэзхуэм хэта спортсмен 230-м ящыщу 80-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэт.

МАХУИТIКIЭ екIуэкIа зэIущIэхэм я хьэпъагъэ елъытауэ спортсменхэр щыгуэшауэ щытащ группийуэ. Ди республикэм и бэнакIуэхэу ФиIэпцэ Щамил (кг 66-рэ), Ныр Мухьэмэд (кг 81-рэ), Кьуэшрокьуэ Эдуард (кг 100) сымэ жэз медалхэр кьатыльсащ. Килограмм 100 хьэхэм я деж дыжьынныр кьыщихьащ Кьуэжокьуэ Азэмэт. Килограмм 81-рэ зи хьэпъагъэхэм Хьэбэчыгрэ Мурат кьыпэлъэщын кьахэкIакъым.

Альдж-урым бэнэкIэ

Спортсмен цIэрыIуэр я щапхъэу

Мы махуэхэм Жэмтхьэлэ къуажэм щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ СССР-м спортымкIэ и мастер Жэмгураз Арсен и фэеплъ зэхьзэзхуэ. 1998 - 1999 гъэхэм кьатхуа гупих хъу ныбжьыщIи 105-м бэнэкIэ дахэ, удэзыхьэх зэхьзэзхуэм кьыщагъэтъэгъуащ.

ПАШЭ хьухахэмрэ кьыхэжанымкIэхэмрэ дипломхэмрэ медалхэмрэ иратащ. «Техникэ нэхъыфI кьызэригъэлъэгъуам щхьэкIэ» медалымрэ саугъэт лъапIэмрэ кьыльысащ налшыкдэс КуэшмэнИслъам. «Текlуэныгъэм хущIэкъуу» саугъэт щхьхьэр хуагъэфэщащ Щхьэщэмыщ Рэмэзанрэ Дзыгул Ибрэхьимрэ. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ спортым и мастерым и тхылъыр иратыжащ Тхьэгъэлэдж Азэмэт.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Щыуэпс

Бахъсэн куейр ягъэкъэбзэнущ

КъБР-м и Бахъсэн куейм и щIыуэпсым и щытыкIэр егъэфIэкIуным теухуауэ 2010 - 2011 гъэхэм дзыльгъэнхуэ ирагъэкIуэкIынущ.

АБы текIуэдэну мылъкур, сом мелуаным щIигъэр, бюджетыракъым къызыхэхъэкIынур, атIэ уней Iуэхущ IапIэхэм, зэгъуэныгъэхэм, хьэрычэтыщIэ щхьэхуэхэм зэхуахьэсынущ. Куейм хиубыдэ кьуажэ 13-м кьыщызэрагъэпэщынущ пхъэнкIийр ЗрашалI Iуэхущ IапIи 6 кьызэрагъэпэщыну. Абы пхъэнкIийр зэманкIэ щахъумэнущ, зыхуей зэрыхуагъэзэну щыкIэр кьагупсысху.

Куейм щаубгъну Iуэхум кьыхашэнущ дзжьыгъэнщэхэр.

ЩОМАХУЭ Залиев.

● ХьэкIэкхъуэкIагъэ

Блыщхьэ пщыхьэщхьэм

Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыщагъэлъхьэ Бахъсэн районыр ОВД-м и следователымрэ КъБР-м щыщ Суд приставхэм я федеральнэ Iуэхущ IапIэм и дзжьакIуэмрэ зыукIаxэр. Зи щхьэхэр пымытыж хьэдэхэр «Мерседес-190» автомашинэм ильу блыщхьэ пщыхьэщхьэм Щэджэм кьалэ и Набережнэ уэрамым кьыщагъуэтащ.

ЩIэпхъаджагъэр кьыщыхъуа щIыпIэм КъБР-м щыщ МВД-мра УФ-м и Прокуратурэм и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэмрэ я IэщIагъэпIэр, криминалистхэр щолажьэ.

УФ-м и Прокуратурэм и СК-м и Следственнэ Управленэу КъБР-м щыIэм щIэпхъаджагъэм теухуауэ уголовнэ Iуэху кьиIэтащ УФ-м и УК-м и 105-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и пункт «а»-мкIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хущхъуэ лъапсейхэр

Республикэм и прокуратурэм сэтей кьыщIащ аптекэ Iуэхущ IапIэхэм хущхъуэхэр знуасэн хуейм нэхъ р нэхъ лъапIэу зэрищэр. КъБР-мкIэ ФАС-м, Росздравнадзорым, Тарифхэмкlэ къэрал комитетым я лэжьакIуэхэр и гъэсу прокуратурэм иригъэжьэкIа къэзыгъэнымэхэм кьа гъэлъэгъуащ хущхъуэхэм я уасэхэр зэрыхуягъэув хабзэм куэдрэ зэребакъуэр.

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркIэ, кьахутащ хьэрычэтыщIэ Золоевэ Еленэ «Арбидол» хущхъуэм и уасэм процент 37,6-рэ зэрыщIригъэгъуар. Ар административнэ жэуапым ирашэлIащ.

ШэджэмкуейМ и прокуроры Iуэху къиIэтащ «Аптекэ №16» МУП-м «Амоксицилин», «Дексаметазон» хущхъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу процент 31,75-кIэ, процент 47,85-кIэ нэхъ лъапIэу зэрыщащэм кьыхэкIыу. Абы щыгъуэми, а лIэужьыгъуэмрэ ягъэтщ Iуэсыгъэ Федерацэм и Правительствэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 29-м кьыдигъэкIа Унафэ №376-мкIэ щIыхьэм и дежкIэ нэхъ мыхьэнэшхэу дыдэ зиIэ хущхъуэхэу кьадыгъатхэм.

Бахъсэн кьалэм и прокуроры хьэрычэтыщIэхэу ЛыгуащIэм, ЦыпIынэм, Ерыжокъуэм, Тхъэмокъуэм яхуэгъэзэхэу Iуэхуиплl кьиIэтащ щIагъуну зыхуитым зыкъомкIэ щхьэпрыIэбыкIауэ езыхэм я сату щIыпIэхэм хущхъуэхэр зэрыщащэм кьыхэкIыу.

Тэрч куейм и прокуратурэм кьралым зримыгъэтхэу икIи хуит зэращI лицензэ имыIэу хущхъуэхэр зыщIэ щIыхум теухуа административнэ Iуэху кьиIэтащ.

Абыхэм кьыдэкIуэу административнэ жэуапым ирашэлIащ «Вавилон-фарм», «Минфарм», «Эдельвейс-холдинг» аптекэ инхэм я унафэщIэхэр.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ нэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхьабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ IапIэхэм я дэлэжьэныгъэмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиксмохэмкIэ - 42-22-88; етъуанэгъэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьагъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпытыщытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роснечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахущ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дзыгкl Соня, редактору Жылаэ Заур, корректорэу Бащэ ФатIимэ *(2,3-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1,4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ ещтраддар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №3760